ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№116 (24.866) ● 2025 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 25, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

Псыдзэм кърикIуахэр ягъэзэкIуэж

Ди республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIащ IуащхьэмахуэщIыналъэм, апхуэдэуи Тырныауз къалэм и щIыпIэхэу псыдзэм хьэлэч ищIахэм я щытыкIэр зригъэлъэгъуащ. НаIуэ зэрыхъуамкIэ, ятIагъуэпсым и лъэужьхэр гъэкъэбзэным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр щIэгъэхуэбжьауэ йокIуэкI. ЯтIагъуэр трахыжащ IуэхущIапIэхэм уахуэзышэ автомобиль гъуэгухэмрэ лъэс лъагъуэхэмрэ.

КIУЭКIУЭ Казбек зэрыжиIамкIэ, мыгувэу яублэнущ Заводской уэрамым къедза щIыпIэхэр зэпэщ щIыным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр. ЦIыху зекIуапIэу щыт а уэрамым жыг хадэ цIыкIухэр щагъэтIысынущ, тетIысхьэпIэхэр, зыгъэпсэхупIэ хэхахэр иIэу. Апхуэдэу администрацэм и щIыхьэпIэр теплъэщIэ иIэу зэрагъэпэщыжынущ, унэ гупэри зыхуей хуагъэзэнущ. Мы зэманым гулъытэ нэхъыбэ хуащI къалэр бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм къызыхуэтыншэу хуэгъэхьэзырыным. Абы теухуауэ «Герхожан Ипщэ», «Молодежнэ» хьэблэхэм щагъэуващ унэхэр зэрагъэплъыну хьэкушхуэхэр. Газыр зэрыкIуэ бжьамийхэр щызэрагъэпэщыжащ «Молодежнэ», «Герхожан Ищхъэрэ» хьэблэхэм. Къалэм и адрей хьэблэхэри хуэхьэзыру къэплъытэ хъунущ лъэхъэнэщIэм. КъинэмыщIауэ, псы жапIэхэри ягъэкъэбзэжащ, щIэхэр яухуэну я мурадщ.

Гъуэгухэм я щытыкIэм щыгъуазэ зыхуищIа нэужь, республикэм и пашэм жиIащ къалэм къыпэзыкIухь гъуэгуитIыр зэгъэпэщыжыным ехьэлIа лэжьыгъэхэр зэраубзыхуар. Абыхэм япкъ иткIэ, псы Iуфэхэм къадекIуэкI гъуэгубгъухэр нэхъри ягъэбыдэнущ, лъэмыжыр нэхъ кIыхь, ар зыIыгъ щIэгъэкъуэнхэр нэхъ лъэщ ящIынущ е лъэмыжыщIэ яухуэнущ. Унафэр къащтэнущ, IэщIагъэлIхэм а IуэхухэмкIэ яIэ еплъыкIэхэр я тегъэщIапIэу.

Бахъсэныпсым телъ лъэмыжым и щытыкIэр зригъэлъэгъуащ КIуэкIуэ Казбек. Лэжьыгъэхэм я нэхъыбапIэр зэфIэха хъуащ, абыи къалэм къыпэзыкIухь гъуэгуми автомашинэхэр хуиту щызокIуэ. Мы махуэхэм гъуэгубгъухэр мывэкIэщхъкIэ ягъэбыдэ, лъэмыжым щекIуэкI зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэр и кIэм нагъэс.

Къэралым щынэхъыфIхэм хабжэ

Урысейм нэхъыфIу къыщалъытахэм хагъэхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэтраубла проектитI. Ахэр Кавказ Ищхъэрэм и студентхэм я зэгухьэныгъэм игъэзащIэ «ЛIыхъужьхэм я щIэблэр», Май къалэм Сабий творчествэмрэ щIалэгъуалэ жэрдэмхэмкIэ и центрым зэхилъхьа «Ди зэманым и лIыхъужьхэр» жыхуиIэхэрщ.

«ДИ Президент Путин Владимир Владимир и къуэм мызэ-мытIэу къыхигъэщащ дзэ Iуэху хэхам и лIыхъужьхэр щIалэгъуалэм ядэлэжьэн Iуэхум къыхэшэным къызэрымыкIуэу мыхьэнэшхуэ зэриIэр, «зыдэплъеипхъэхэр ныбжьыщIэхэм ящIэн папщIэ», - къыхигъэщащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

«ЛIыхъужьхэм я щIэблэ» проектыр щIыналъэм и Iэтащхьэм пщэрылъ зэрищищIам ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым илъэситI хъуауэ щагъэзащIэ. Абы и къалэныр дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я бынхэм я нэIэ трагъэтынырщ, я гъащIэ гъуэгур, IэщIагъэр къыхахынымкIэ защIэгъэкъуэнырщ, щIалэгъуалэм папщIэ ирагъэкIуэкIхэм драгъэхьэхынырщ, къулыкъущIапIэхэм щылэжьэфынухэр апхуэдэ щIыкIэкIи къагъэнэIуэн хуэдэу.

«Ди зэманым и лIыхъужьхэр» муниципальнэ проектыр дзэ Iуэху хэхам хэтхэр щIалэгъуалэ зэIущIэхэм къыхэшэным, щIэблэм хэкупсэ гъэсэныгъэ етыным, ди тхыдэм и пэжыр хъумэнымрэ щIэблэхэм я зэпыщIэныгъэр гъэбыдэнымрэ хуэгъэпсащ.

Сэбэпынагъ нэхъыбэ къэзышэ Iуэхухэм халъытауэ, а проектитIыр Урысейм и щIыналъэ псоми щагъэзэщIэну хуагъэлъагъуэ икIи абы теухуа хъыбарегъащIэхэр зэбграгъэхынущ. АНО-м и «Лъэпкъым дежкIэ нэхъыщхьэхэр» и жэрдэмыр ягъэзащIэ Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм я гъэзэщIакIуэ органхэм ящIыгъуу.

Зэхуэсышхуэм зыхуагъэхьэзыр

УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хуснуллин Марат иригъэкIуэкIащ етIанэгъэ Урысейм щыIэну «Урысей - Ислъам дуней: KazanForum» XVII Дунейпсо экономикэ зэхуэсышхуэр къызэрызэрагъэпэщыну щIыкIэм теухуа видеоконференц. Абы хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

XVII KazanForum зэхуэсышхуэр 2026 гъэм накъыгъэм и 14 - 15-хэм «Казань Экспо» гъэлъэгъуэныгъэ центрым щрагъэкIуэкIыну я мурадщ.

Къызэхуэсахэр иджыри тепсэлъыхьащ пленарнэ зэIущIэр зытраухуэну темэм: «Технологиехэм зегъэужьынымрэ мылъкум и зегъэкIуэкIэр хъуэжынымрэ».

КъинэмыщIауэ, зэIущIэм къыщаIэтащ къэралым къыпэщылъ, дунейпсо мыхьэнэ зиIэ зэхуэсышхуэм епха Iуэхугъуэхэр.

Лъэпкъым и къуэ пэж

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и унафэкIэ 2025 гъэр УФ-м ЛэжьыгъэмкIэ и ЛIыхъужь, Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым я цIыхубэ тхакIуэ, ДАХ-м и Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ МэшбащIэ Исхьэкъ и илъэсщ. Адыгэхэм я махуэм иращIэкIа дауэдапщэхэм я курыхыу щытащ а тхьэмадэм и юбилейр.

● ПщIэ

МЭШБАЩIЭМ дэнэ къэрали, щIыналъи щекIуэкI адыгэ Iуэху зыри блигъэкIыркъым, сытым дежи и зэфIэкI яхилъхьэу, и псалъэ Iущ щIигъэдэIуу яхэтщ. Ар сыт хуэдэ утыку къыщыпсалъэми жеIэ, адыгэр гузэвэгъуэшхуэ щыхэта зэман хьэлъэ къызэрызэринэкIар, и тхыдэм мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэ куэд къызэрыхэщыжыр, ар щIэблэм егъэщIэн зэрыхуейр, лъэпкъыр иджырей зэманым декIуу зэрыпсэупхъэр. «Ди лъэпкъым гузэвэгъуэ куэд и нэгу щIэкIащ. Ауэ щыхъукIи, тхыдэм сыщыхуеплъэкIыжкIэ, сэ си джатэр зыгуэрым хуэзгъэдэлъэну зэи яужь ситакъым, зыри згъэкъуаншэркъым адыгэм къыщыщIамкIэ. Си гугъэщ дэфтэрхэм къахэсхыж пэжыр художественнэ теплъэ иIэу я пащхьэ зэрислъхьэр къагурыIуэу.

Сэ сызыхуейр зыщ - адыгэм и тхыдэмрэ щэнхабзэ къулеймрэ къыдэкIуэтей щIэблэм ящымыгъупщэнырщ. ИкIи абы теухуауэ си щIэджыкIакIуэхэм я гупсысэхэр къыщысхуаIуатэм деж си гуапэ мэхъу.

Дэ псори дызэкъуэшщ - дыадыгэщ. Сэ сфIэфIкъым цIэ зэмыщхьэмкIэ си лъэпкъэгъухэм седжэну, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм щхьэкIэ «къэбэрдейхэр» жысIэркъым е Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэухэм «шэрджэскIэ» седжэркъым, «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу адыгэхэр», «Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу адыгэхэр» жысIэ мыхъумэ. Псори дыадыгэу аращи, щхьэж хузэфIэкIымкIэ, къыхиха IэщIагъэмкIэ ди лъэпкъыр зэредгъэфIэкIуэным иужь дивгъэт», - жеIэ абы.

КъулыкъущIэхэр, щIэныгъэлIхэр хэту КъБКъУ-м щекIуэкIа щIэныгъэ конференцым МэшбащIэм и ныбжьыр илъэс 95-рэ зэрырикъум щхьэкIэ щехъуэхъуащ Москва, Истамбыл, Анкара, нэгъуэщI къалэхэм къикIа хьэщIэхэри, ДАХ-м хэтхэри, профессорхэри, щIэныгъэлIхэри. А махуэм адыгэлI щэджащэм тыгъэ хуащIащ адыгэ щIакIуэ, пыIэ, щхьэрыхъуэн. АдыгэлI щыпкъэм и фэилъхьэгъуэр зэкIупс МэшбащIэм фIыщIэ яхуищIащ гулъытэ къыхуэзыщIахэм икIи хъуэхъуащ лъэпкъым зиужьу, и Iуэху дэкIыу иджыри куэдрэ щыIэну.

Адыгэхэм я махуэм хухэха пшыхь нэхъыщхьэми хуабжьу щаIэтащ ди нэхъыжьыфIыр. Сэхъурокъуэ Хьэутий къызэхуэсахэм я пащхьэ фIыщIэ псалъэкIэ зыщыхуигъэзащ адыгэ литературэм и классик, Кавказ Ищхъэрэм, Урысей Федерацэм я щэнхабзэм увыпIэшхуэ щызыубыд тхакIуэ, усакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ Шумахуэ и къуэм икIи жиIащ абы адыгэ лъэпкъ щэнхабзэми, урысей, дунейпсо литературэхэми яхуищIа хэлъхьэныгъэр къыпхуэмылъытэн хуэдизу зэрыкуур. СатыриплI хъу усэхэм щегъэжьауэ, адыгэ тхыдэм кууу дризыгъэплъэж романхэр зэрыт тхылъи 100-м щIигъу къыдигъэкIащ МэшбащIэм. Къыщалъхуа лъахэмрэ къызыхэкIа лъэпкъымрэ я къуэ пэжу къыщIэкIа тхакIуэм и тхыгъэхэр бзэ куэдкIэ зэрадзэкIащ, и творческэ гъуэгуанэмрэ жылагъуэ Iуэхухэм щызэфIигъэкIамрэ папщIэ литературэ саугъэтхэр, дамыгъэ лъапIэхэр, орденхэр, медалхэр къыхуагъэфэщащ.

Абдежым махуэшхуэм къэрихьэлIа цIыху щэ бжыгъэр щыту дакъикъэ зыбжанэкIэ Iэгу хуеуащ тхьэмадэм, абы и цIэм, и щхьэм, и зэфIэкIым пщIэ зэрыхуащIыр къагъэлъагъуэу.

Мы илъэсым МэшбащIэм теухуауэ Iуэхугъуэ куэд щрагъэкIуэкI адыгэ зэрыс хэгъэгухэм. Езыр къыщалъхуа, щыпсэу Адыгэ Республикэм накъыгъэм Iэтауэ щагъэлъэпIащ абы и илъэс 95-р, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зи пашэ гупышхуэ щыIэу. Илъэсыр зэрыщIидзэрэ Исхьэкъ и творчествэм хухэха зэIущIэхэр къызэрагъэпэщ, жыджэру щIалэгъуалэм яхуозэ, литературэ пшыхьхэр Мейкъуапэ щызэхашэ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Ди къуэш республикэхэм

Пщащэ нэхъ дахэр къыхах

АДЫГЕЙ. **Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэмрэ ЦIыхубэ щэнхабзэмкIэ центрымрэ Мейкъуапэ районым и Дахэ станицэм щрагъэкIуэкIащ «ДжэгуакIуэ» етIуанэ фестивалыр.**

АР хуэунэтIащ лъэпкъ хабзэхэмрэ IуэрыIуатэхэмрэ къэгъэщIэрэщIэжыным икIи хъумэным, джэгуакIуэ зэчиифIэхэр, цIыхубэ адыгэ макъамэ Iэмэпсымэхэр зыгъэIурыщIэфхэр къыхахын папщIэ сыткIи къызэгъэпэщыныр. А Iуэхум мыхьэнэшхуэ иIэщ тхыдэр, хабзэхэр джынымкIэ, апхуэдэуи щIэблэр адыгэ хабзэр яхэлъу гъэсэнымкIэ.

Уджыхъу Айтэч и унафэм щIэту фестивалым хэтхэм къызэхуэсахэм «ЗэхуакIуэ», «Зыгъэлъат», «Лъапэрисэ» къафэхэмкIэ ирагъэлъэгъуащ адыгэ щэнхабзэм и дахагъэр.

АдэкIэ адыгэ хабзэр зыхъумэ нэхъыжьхэм псалъэ иратащ. Абыхэм къыхахащ пщащэ нэхъ дахэу къалъытар. Ар Хьэрэтлыкъу Замирэщ.

Iуэхур иухащ къызэхуэса псори зыхэта удж-хъурей къафэмкIэ. Зэхыхьэм зэхуишэсат цIыху 500-м щIигъу.

Фестивалым и пэ къихуэу

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Илъэс къэс зэхаублэ Къуажэ щIалэгъуалэм я фестивалыр мы гъэм фокIадэм и 27-м щрагъэкIуэкIынущ республикэм и Прикубанскэ районым и Май къуажэм.**

ХЬЭЩIЭХЭМ къапоплъэ спорт зэхьэзэхуэхэр, творческэ мастер-классхэр, сурэт щытрахыну щIыпIэхэр, концерт дахэ.

Зэдэлэжьэныгъэм зрагъэубгъу

АБХЪАЗ. **Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ университетым и лIыкIуэ гуп щыIащ Абхъаз къэрал университетым. Ректорым и къалэнхэр зыгъэзащIэ профессор Шыбзыхъуэ Татьянэрэ АКъУ-м и ректор Гварамие Алекэрэ тепсэлъыхьащ студент зэгухьэныгъэхэм зегъэужьыным, Абхъазым и щIэныгъэлIхэр конференцхэм зэрыхэтынум, нэгъуэщIхэми.**

Я зэдэлэжьэныгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэу къыхагъэщахэм ящыщщ щIэныгъэ конференцхэр зэгъусэу егъэкIуэкIыныр, егъэджэныгъэ проектхэр, археологие къэхутэныгъэхэмкIэ дунейпсо щIэныгъэ-къэхутакIуэ лабораторэ къызэгъэпэщыныр, апхуэдэуи студентхэмрэ егъэджакIуэхэмкIэ зэхъуэжэныр.

Шыбзыхъуэ Татьянэ къыхигъэщащ къагъэщIэрэщIэжа я зэгурыIуэныгъэр кIыхьу зэдэлэжьэным и лъэбакъуэщIэ зэрыхъунур, университетхэр щIэныгъэ, щэнхабзэ я лъэныкъуэкIэ зэхъуэжэнымкIэ IэмалыщIэхэр къызэрызэIуихынур.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● ДифI догъэлъапIэ

Афэрым, Iэюб!

Хъыбар гуапэ иджыблагъэ къытIэрыхьащ. Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и унафэкIэ, «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» етIуанэ нэгъыщэ зиIэ орденым и медалыр къыхуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и дзюдоист, спортсмен цIэрыуэ Блий Iэюб.

ДИ адыгэ щIалэм апхуэдэ щIыхь лъагэ игъуэтащ спортымрэ физкультурэмрэ щиIэ ехъулIэныгъэхэм, псэ хьэлэлу лэжьыгъэм зэрыбгъэдэтым, 2024 - 2025 гъэхэм къигъэлъэгъуа спорт ехъулIэныгъэшхуэхэм папщIэ, апхуэдэу ар трагъэхуащ Санкт-Петербург къалэм дзюдомкIэ и федерацэр мы гъэм илъэс 90 зэрырикъум.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Блий Iэюб 2025 гъэм Европэм и чемпионатым етIуанэ, дуней псом - ещанэ щыхъуащ, УФ-м и чемпионщ, дзюдомкIэ «Тажышхуэ» зэпеуэр тIэу къихьащ, дунейпсо классымкIэ спортым и мастерщ. УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Рахлин Анатолий и цIэр зэрихьэу Санкт-Петербург къалэм дэт спорт еджапIэм и гъэсэнщ.

УФ-м и Президентым и ЩIыхь тхылъыр нэгъабэ къратащ.

Дохъуэхъу ди лъэпкъэгъу щIалэ ахъырзэман Блий Iэюб и ехъулIэныгъэмкIэ: текIуэныгъэ дахэхэмкIэ дяпэкIи дигъэгуфIэну, къытхуихь медалхэм хигъэхъуэну, и мурадхэр къехъулIэну, лъагапIэ нэхъ ин дыдэхэр спортым къыщищтэну!

Афэрым, Iэюб!

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Олимп джэгухэм я чемпион Къардэн Мурат и дыщэ медалыр къызэрихьрэ илъэс 25-рэ ирокъу

Сыт хуэдэ Iуэхуми фIы хызолъагъуэ

2000 гъэм фокIадэм и 26-м, илъэс 25-кIэ узэIэбэкIыжмэ, Австралием и Сидней къалэм щекIуэкIа гъэмахуэ Олимпиадэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ щытекIуауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсмен, адыгэ щIалэ Къардэн Мурат. Абы щыгъуэ 21-нэ лIэщIыгъуэм дыхыхьауэ арат икIи ди республикэм и тхыдэщIэм щыяпэ дыщэ медалт ар. Куэд щIауэ апхуэдэ ехъулIэныгъэ диIатэкъым икIи арауэ къыщIэкIынщ хэIэтыкIауэ щагъэлъэпIар.

Олимп чемпион ди республикэм а зэманым щызылъэгъуар мащIэ дыдэт, уеблэмэ апхуэдэ зи нэIуасэр закъуэтIакъуэххэт - СССР-м и лъэхъэнэм Олимп джэгухэм щытекIуа Шыхъуэ Борис ди щIыналъэм щыпсэуртэкъым, Рогожин Сергей, и медалым езы дыдэми гу щимыхуэу, зэуэзэпсэу дунейм ехыжат.

Къардэн Мурат щIыналъэм къыщигъэззэжам цIыхур уэру къыпежьат. Абы и текIуэныгъэм пыщIа гуфIэгъуэшхуэм, гушхуэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псори къызэщIиIэтауэ апхуэдэт. ЛIыхъужьыр кърагъэблэгъэжыну псори хузэпещэрт.

А чемпионыгъэм мыхьэнэуэ иIами и гугъу тщIынщи, щIыпIэ спортым и зыужьыныгъэм абы и фIыгъэ куэд зэрекIам шэч хэлъкъым. Адэ-анэ куэдым я бынхэр спорт секцэхэм яшэу щIадзат. Нэрылъагъу хъуат: уегугъумэ, уи псэр етауэ абы ухущIэкъумэ, Олимп джэгухэм укIуэфынущ икIи медали къыщыпхуэхьынущ. Къардэн Мурат абыкIэ щапхъэт.

ЗэрыжаIэу, цIыху зэчиифIэр куэдым хуэIэзэщ. Нобэрей ди псэлъэгъур апхуэдэхэм ящыщщ. Спортым и лъагапIэ нэхъ ин дыдэр къызэрищтам къыдэкIуэу, Къардэным еджапIэ нэхъыщхьитIи къиухащ, педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидатщ. И зэфIэкIхэр, хэлъ жэуаплыныгъэр къалъытэри, ар КъБР-м спортымкIэ и министру ягъэуvауэ щытащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым фикультурэмрэ спортымрэ республикэм зыщегъэужьынымкIэ и чэнджэщэгъуу лэжьащ, иджыпсту щIыналъэм и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэщ. Нэхъыщхьэрращи, сыт хуэдэ IэнатIэми екIурэ ещхьу пэрытащ, нобэми апхуэдэу ирехьэкI. Мурат спортым щыхуэлэжьа лъэхъэнэм къриубыдэу Олимп джэгухэм я чемпион, призер зыбжанэ республикэм къыхэхъуащ, спортми фIыуэ зиужьащ.

ЛIэщIыгъуэм и Iыхьэ плIанэ хуэдизкIэ узэIэбэкIыжмэ къыдитауэ щыта дэрэжэгъуэр езыми дэри иджыри зэ дигу къэдгъэкIыжыну дыхуейуэ, Къардэн Мурат зыхуэдгъэзащ икIи и гупсысэхэмкIэ ар ядогуашэ «Адыгэ псалъэм» еджэхэм.

Къардэн Мурат КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэщ.



США-м и бэнакIуэ Линдленд Мэтт финалыр къыфIехь. *2000 гъэ*



Илъэс куэдкIэ зыпэплъа Олимпиадэм и дыщэ медалыр.

Ди цIыхухэмрэ республикэм и Президент КIуэкIуэ Валерэрэ

- Мурат, илъэс 25-р зэман мащIэкъым, ауэ апхуэдэу жытIэ щхьэкIи, дыгъуасэ хуэдэщ ар къыщыхъуар. АтIэми, Олимпиадэм узэрыхэтар уигу къэкIыжрэ? А зэманым ущыхуеплъэкIыжкIэ сыт нэхъ узэгупсысыр?

- Сигу къокIыж, шэч хэмылъу, ауэ нэхъыбэм а зэманым «сызыгъэIэпхъуэжыр» цIыхухэрщ. ЗэIущIэ гуэрхэм сыхэту сахуэзэмэ, ахэр къызбгъэдохьэ: дощIэж узэрытекIуауэ щытар, телевизоркIэ деплъат, укъедгъэблэгъэжат, дыбгъэгуфIат, жаIэурэ. ПцIы хэмылъу, ар гуапэщ си дежкIэ - ди цIыхухэм я гум IэфIу зэрилъыр, нобэр къыздэсым зэращымыгъупщэр.

ФIы дыдэу сощIэж си анэм абы щыгъуэ жиIауэ щытар: «Ярэби, сыту цIыхуфI, сыту цIыху гуапэ защIэ ди лъахэгъухэр! Абы узэрагъэлъэпIар, узэраIэтар сыт и уасэ?! Ди цIыхухэм хуэдэ зыщIыпIи щыIэкъым!» Си анэми, унэм щIэсхэми нэхъыбэу дигу къэдгъэкIыжыр ди лъахэгъухэр зэрыгуфIаращ, ягурэ я псэрэ зэIухауэ къызэрытпежьауэ щытаращ.

Апхуэдэу цIыхухэм пщIэ къыпхуащIыным уэри къалэнышхуэ уи пщэ къыделъхьэ - нэхъыфIым узэрыхущIэкъуным, цIыхум и гуапэ зэрыпщIыным уи гур къыхуегъэуш. Ар сыти ирехъу, ирелэжьыгъэ е нэгъуэщI гуэру щрет: Iуэху гуэр щхьэкIэ цIыхум зыкъыпхуигъэзамэ, нэхъ гуапэу ухущытыным, нэхъ дахэу ар зэрызэфIэбгъэкIыным урегъэгупсыс. Нэхъ тегъэщIауэ Iуэхум убгъэдыхьэн зэрыхуейр къыбгурегъаIуэ. А текIуэныгъэм и мыхьэнэр нэсу щызыхэсщIэр апхуэдэхэм дежщ.

- Нобэ хуэдэщ укъыщедгъэблэгъэжар. ЦIыхуу къыппежьам и куэдагъым уигъэгужьеятэкъэ абы щыгъуэ, дауэ къыпщыхъуат ар?

- Ди цIыхухэм я гуапэ зэрыхъунур сщIэуэ къыщIэкIынт, ауэ апхуэдизу хэIэтыкIауэ сагъэлъэпIэну си нэгу къысхущIэгъэхьэртэкъым. Минводы къалэм къыщыщIадзэри, мыдэкIэ ди щIыналъэм дыкъиихьэжа нэужьи, къуажэ-къуажэкIэрэ цIыхухэр уэру къыщытпежьат, мыдэ псышхуэ гуэр къиуа фIэкIа умыщIэу. Ауэ сэ къызгурыIуэрт абы и къежьапIэри, а псор зи фIыгъэри. Сыту жыпIэмэ, зы Iуэхугъуэ гуэр щхьэкIэ цIыхуищэ хуэдиз пхузэхуэшэсынущ, ауэ республикэм и цIыхубэр апхуэдэу зэщIэбгъэуIуэныр мыбдеж щылъкъым. Ар къызэзыгъэпэщари, зи фIыгъэри, олимпиадэм сымыкIуэ щIыкIи си Iуэхум кууэ хэта, КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерэщ. Мыдэ адэ пэлъытэ, жыдоIэ дэ. Ауэ ар адэм хуэдэу щытащ: нэхъыжьыфIу, тхьэмадэфIу.

КIуэкIуэр щыгъуазэт си Iуэхур зыIутым. Олимпиадэм семыжьэ щIыкIэ псалъэмакъ гуэрхэр щыIащ. Урысей чемпионатым сыщытекIуами, Олимпиадэм си пIэкIэ нэгъуэщI зыгуэр ягъэкIуэну апхуэдэ Iуэхухэр кърахуэкIырт абы щыгъуэ. Дауи, УФ-м и командэ къыхэхар щызэхагъэувэм деж дэтхэнэ зы щIыналъэри хущIокъу езым и спортсмен абы хигъэхьэну, Олим джэгухэм игъэкIуэну. Ди Президентыр щыгъуазэт си Iуэхур зыIутым икIи срамыгъэкIуэтыкIын щхьэкIэ лъэкI къигъэнакъым. Мызэ-мытIэу нэхъапэми зэрыжысIащи, ди республикэм и УнафэщIым зыми Iэмал иритакъым Олимпиадэм си пIэкIэ нэгъуэщI ягъэкIуэну. Пэжщ, семыжьэ щIыкIэ иджыри зэ сыбэнэжын хуей хъуащ. Сытми, КIуэкIуэм псори зэхуигъэхъури сежьауэ щытащ. Абы иужькIэ къэнэжар зымащIэт: Олимпиадэм кIуауэ, ар къыхьын хуейуэ арати – сыкIуэри къэсхьащ (мэдыхьэшх).

Иджыри зэ къыхэзгъэщынщи, сыкъэкIуэжа нэужь апхуэдиз гулъытэ зэрызгъуэтари КIуэкIуэ Валерэ и фIыгъэу къызолъытэ. ЦIыхухэм я гуапэ зэрыхъуам шэч къытесхьэркъым. Апхуэдиз къыщыппежьэм деж зыхэпщIэр къызэрыпIуэтэн псалъэ щыIэу къыщIэкIынкъым. Нэрымылъагъу къару гуэрым укъызэщIеIэтэ, псоми уегуэпэну, зыгуэркIэ нэхъри бгъэгуфIэну ухуейуэ щытыкIэ уоувэ. Президентым и унафэм тету екIуу къызэрагъэпэщат а «чемпионпежьэр», ар щIыпIэ Парламентми Правительствэми даIыгъат.

Къэбэрдей-Балъкъэрым сыкъэкIуэжын ипэкIэ, Краснодар къалэми сыщыIат, УФ-м и Президент Путин Владимир Мэзкуу къалэм къыщытIущIат. Ауэ ди деж сыкъэкIуэжа нэужьщ си медалым сэри си гур щыхигъэхъуэпар - апхуэдиз цIыхум я гуфIэгъуэр сэри къыспкърыхьауэ ара хъунт. Нобэр къыздэсым сщыгъупщэркъым а махуэр.

- Олимпиадэм и чемпион ухъуа нэужь ди республикэм спортым нэхъ зиужьу зэрыхуежьауэ щытар тлъэгъуащ дэ. Псом хуэмыдэу дыщыгуфIыкIырт илъэсиплI къэс Олимпиадэм и чемпионхэмрэ призерхэмрэ къытхэхъуэ зэрыхъуар. ЖысIэну сызыхуейращи, щапхъэфIыр куэд и уасэщ.

- Жыжьэ сыкIуэну сыхуейкъым, си ужькIэ илъэсиплI дэкIри, Тау Хьэсэнбий домбеякъ медалыр Афины къалэм къыщихьащ. АтIэ, абы кIуэн ипэ къиихуэу, УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Емкъуж Мухьэмэд, езы Хьэсэнбий, абы и къуэш Сэфарбий сымэ жаIэрт: «Уэ уи дыщэ медалым узэрыхуэкIуар тлъэгъуа нэужь, хьэкъыу ди фIэщ хъуащ Олимпиадэр ар егъэлея гуэру, узылъэмыIэсыфын лъагапIэу зэрыщымытыр икIи, ерыщу зыхуэбгъасэмэ, уи мудархэр зэбгъэхъулIэным уи фIэщу ухущIэкъумэ, ар къызэрыпхуэхьынур».

ЯхузэфIэмыкIыну я гугъами, иужькIэ тегушхуащ. Абы щыгъуэ Хьэсэнбий ехъулIэныгъэфIхэр иIэт икIи лъагапIэ инхэр къызэрыхуэщтэнур нэрылъагъут. КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм сыщылажьэрт а лъэхъэнэми, зэрысхузэфIэкIкIэ сэри сыдэIэпыкъуащ.

Япэм къэмыхъуауэ, ди республикэм щыщу цIыхуитI-щы зэуэ Олимпиадэм сшэну къалэн зыхуэзгъэувыжат а зэманым. Ар зэхэзыха языныкъуэхэри, жысIэр я фIэщ мыхъуу, къысщIэнэкIахэт. Лэжьэн зэрыщIэздзэрэ илъэситI дэкIауэ арат. АтIэ, къыкIэлъыкIуэ Олимпиадэм цIыхуищ тшэри, медалитI - дыжьынрэ домбеякърэ - къыщытхьащ. Атлетикэ хьэлъэмкIэ Аккаев Хьэжмурат етIуанэ, дзюдомкIэ Тау Хьэсэнбий ещанэ хъуащ. Ар лъэщтэкъэ-тIэ?!

Абы иужькIэ, олимп мардэ жыхуаIэм дытету, ди спортсменхэр дгъэхьэзырын щIэддзащ. ИлъэсиплI къэс дыдейуэ зытIущ дгъакIуэу, зы медаль е тIу къамыхьауэ къамыгъэззэжу хъуащ. ЦIыхуитIщы, уеблэмэ щы-плIы Олимпиадэм дгъэкIуэнущ, щыжысIэм къысщыдыхьэшхауэ щытахэри иужькIэ увыIэжащ.

Республикэм спортымкIэ и министерствэм сыщыщылэжьа лъэхъэнэм къриубыдэу 2004, 2008, 2012 гъэхэм къагъэлъэгъуащ дэ тхузэфIэкIар зыхуэдизыр. Олимпиадэм медаль нэхъ къыщызыхьыфыну спортсменхэр зиIэ щIыналъэхэм дахэтщ дэ. Япэм, Олимп джэгухэм дыхэхуамэ, ар егъэлея гуэру къалъытэу щытащ, иджы, абы зыгуэр дымыгъакIуэмэ ягъэщIагъуэ.

Гупсысэ напцIхэр зытезгъэкIуакъым

- Мурат, узыхэта Олимп джэгухэмкIэ дгъэззэжынщи, кIэух Iыхьэм ущикIам и пщэдджыжьым, зыгуэрым уэ нобэ чемпион ухъунущ къыбжиIатэмэ, дауэ къыпщыхъунт?

- Абы теухуауэ си анэм зы усэ итхащи, куэд къыбжеIэ абы. Нобэ дызытепсэлъыхь, дигу къэдгъэкIыж псори къызэщIаубыдащ а сатыр мащIэхэм. Мыдрейуэ, финалым сыщыбэнэн хуейуэ абы сыщынэсам си къалэн нэхъыщхьэу щытар икIи зиужь ситар олимп чемпион сызэрыхъуным семыгупсысыныртыр. А медалыр си пщэм илъу си нэгу къыщIэзгъэхьэн щIэздзамэ, гугъу сехьынут, шэч хэмылъу.

Сэ зызытезухуэн хуейр нэгъуэщIт: гупсысэ нэпцIхэм задезмыгъэхьэхыу, тэмэму зызгъэхьэзырыныртыр, схузэфIэкIыу хъуар утыкум къыщызгъэлъэгъуэныртыр. Уи акъылыр ирегъэш гупсысэ лейм, уи лъэри зэщIегъанэ, зыкъыуигъэIэтыркъым. УгуитIщхьитIу, уи гур зымкIэ щыIэу, уи псэр нэгъуэщI щIыпIэкIэ пхъэрауэ утыку уихьэ хъунукъым зэи, апхуэдэ щытыкIэм фIым ухуишэнукъым.

Финалым сыщыкIуам си напIэр зэтеслъхьауэ щытакъым. ЗызгъэкIэрахъуэу сыхэлъ нэхърэ нэхъыфIщ, жысIэри, къэскIухьащ, сышхащ. Абы ипэкIэ си хьэлъагъым кIэрызгъэхун хуейуэ къысхудэкIри, сымышхэу зэман тIэкIу дэзгъэкIат. СыпIейтейрт, си псэри загъэртэкъыми, си анэм деж сыпсэлъащ. АбыкIэ пщэдджыжьыпэт, НалшыккIэ шэджагъуэт. Мамэ сепсэлъарэт, жиIэрт си гум. ДызыщIэс унэм и пщIантIэм телефон дэтти, сыкъеуащ.

Си анэм къищIа хуэдэт си щхьэм къыщекIуэкIыр: «Щхьэ умыжейрэ?» - жиIащ. «Нэху щащ, тIэкIу дэкIмэ, тренировкэм дыкIуэнущ», - жэуап естыжащ, сымыгъэгузэвэн щхьэкIэ. Ауэ сэри сеупщIащ: «Мамэ, сыт уи гум жиIэр?» «Сыт жебгъэIэнур, утыкум уихьэу утекIуэн хуейуэ аращ», - къызитыжат жэуап мамэ. Уи фIэщ зэрыхъун, си гур занщIэу игъэсабырыжащ абы, сыщIэпIейтеяри сщхьэщихащ.

Иджы, сымыжеями сыгузавэртэкъым, си къарум сыкъигъэгугъэрт. СфIэфIкъым цIыхур щытхьэусыхэм, и Iуэху зэхуэмыхъумэ псори щигъэкъуаншэм деж – абы узэрыбгъэдыхьэщ. ГуитIщхьитI ухъуамэ, укъинауэ аращ. Сыт хуэдэ Iуэхуми, Iейм умылъыхъуэу, фIыр нэхъыбэу хэплъэгъуэн хуейщ.

- Мурат, шэч хэлъкъым, уи текIуэныгъэхэм, ехъулIэныгъэхэм уи закъуэ къарукIэ, IэзагъкIэ узэрынэмысам. КъэпкIуа спорт гъуэгуанэм цIыху куэд къыщыбгъурытащ, куэдым я фIи къокIащ. Хэт сымэ ахэр?

- ЗэрыжысIащи, Олимпиадэм укIуа нэужь къыпхуэнэжыр зыщ – утекIуэну арращ. Ауэ абы унэсын ипэкIэ, уэ къогъэщIылIауэ цIыху куэд мэлажьэ. Уи закъуэкIэ зыпхуэгъэсэнукъым, зэрыжаIэу, уи ныбжьым упэуву уебэныжыфынукъым. Тренер ирехъу е ныкъуэкъуэгъуу щрырет - зыгуэр къыббгъэдэтын хуейщ. Уеблэмэ ныкъуэкъуэгъухэращ нэхъ лъэщ узыщIыр. Си анэм и фIыгъэ хэлъщ, шэч хэмылъу. Си къуэш Хьэсэн къызбгъэдэтащ, си ныбжьым хуэдэу. Абы зэчий нэхъыбэ иIащ, сэ сэлъытауэ, ауэ нэхъ пасэу псори къигъанэри, сыт и лъэныкъуэкIи къыздэIэпыкъуу си гъусащ. Дауи, си тренерхэр псори хэтщ абы, зы къэмынэу - илъэс тIощIым и кIуэцIкIэ, сыщыцIыкIуам къыщыщIэдзауэ УФ-м и командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэм деж сынэсыху, къыздэлэжьахэр.

ДыпкIэлъыплъынущ, дыбдэщIынущ, жаIэурэ, си иужьым иту зэхьэзэхуэхэм нэкIуа си адэ къуэш Къардэн Олег, Пащтыхэ Хьэсэн, Руслан, Генэ сымэ. Ахэр куэд мэхъу - къыздэбэнахэр, си къуажэгъу-гъунэгъухэр, ныбжьэгъужэрэгъухэр, сытым дежи сызыгъэгушхуэу си гъуса дэтхэнэ зыри. Псоми къыздаIыгъащ си мурадхэр.

Ди адэр пасэу тфIэкIуэдащ (ахърэт нэху Тхьэм кърит!). Ар сымаджэ щыхъуам, абы сыбгъэдэсрейт. Сэ езыр УФ-м и щIалэгъуалэ командэ къыхэхам сыхэхуат, зэхьэзэхуэхэм сыкIуэну къыспэщылъти:

- КIуэи, уи Iуэхур зэфIэгъэкIи, къэгъэзэж, - къызжиIэрт. Сэри, сыкIуэрти, сытекIуауэ къэзгъэзэжырт. Аргуэрыжу сежьэрти – сытекIуауэ сыкъэкIуэжырт. Мис апхуэдэурэ екIуэкIащ си Iуэхур а лъэхъэнэм. ИужькIэ, ди анэм и закъуэ къытхуэнэри, нобэми къытеубгъуауэ допсэу.

Сыхуейт си тренер Лобжанидзе Владимир, СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер Жаным Аслъэн, УФ-м и командэ къыхэхам и тренеру диIа Иванов Игорь сымэ, нэгъуэщI куэдми я цIэхэр къисIуэну.

ЦIыху куэд къыщыпщыгугъым, къыщыпкIэлъыплъым деж абы бэшэч уещI, Iуэхуми нэгъуэщI нэкIэ урегъэплъ. Уезэшами, зыкъыбоIэтыжри, уи лэжьыгъэм пыбощэж. Зэхьэзэхуэхэм фэбжь куэд хэсхащ, спортыр къыщIэзгъэнэн щхьэусыгъуэхэри мымащIэу сиIащ абы щыгъуэ, ауэ ипэкIэ сыплъэрт, си тренерхэм, си анэм, си къуэшым, си шыпхъу Неллэ, си унагъуэм ар къазэрыщыхъунум сегупсысырти сыкъызэтеувыIэжырт.

Спортым ехъулIэныгъэ щызыIэрыбгъэхьэн папщIэ зэману къуитыр мащIэ дыдэщи, къэувыIэ уимыIэу ар къэбгъэсэбэпын хуейщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, плъэкIыу хъуар пщIарэ зыгуэр пхузэфIэмыкIыу къэнамэ, ар уигу апхуэдэу къеуэжынукъым. Бетэмал, абы щыгъуэ иджыри гугъу тIэкIу зезгъэхьыжамэ, щыуагъэ сымыщIамэ, нэхъыфIтэкъэ, жыпIэу, иужькIэ уи щхьэр щыбгъэкъуэншэжым дежщ хьэлъэр. Мыхъуар Iуэхукъым, ухущIэкъуауэ щытмэ. УхущIэмыкъуу мыхъуаращ итIанэ узу къуофыкIыжыр.

- Спортым ущигъусахэм ящыщу хэт сымэ уапыщIа ноби?

- Олимпиадэм щыIахэр къапщтэмэ, псори дызэрыIыгъщ, дызэщIоупщIэ, дызэдоIэпыкъу. Абы щыгъуэ ди командэм хэта Карелин Александррэ сэрэ дызэныбжьэгъущ, къуэшым хуэдэу къысхущытщ. Апхуэдэщ УФ-м и командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэ Когуашвили Гоги. ЩIалэщIэ дыдэу, и ныбжьыр илъэс 21-рэ фIэкIа мыхъуауэ, Олимпиадэм си гъусэу дыщэ медаль къыщызыхьа Самургашев Вальтарес си ныбжьэгъущ. Дэ тIуращ алыдж-урым бэнэкIэмкIэ япэ увыпIэр къэзыхьар абы щыгъуэ. Ди текIуэныгъэхэм я зэхуакум дэлъар дакъикъэ 15 хуэдизщ.

Кавказым щыщу, сыт щыгъуи ди щапхъэу, нэхъыжьыфIу, абы щыдигъусащ Хадарцев Мухьэрбэч. БэнэкIэ хуитымкIэ тIэунейрэ Олимпиадэм щытекIуащ ар. КъыддэIэпыкъурт икIи дытригъэгушхуэрт. Абыхэм яхэтщ Къардэн Амиранрэ щIалэ дыдэу а зэпеуэшхуэм етIуанэ щыхъуа Таймазов Артуррэ. Финалыр абы фIихьат Мусульбес Давид. Мусульбес иджыпсту УФ-м и спортсменхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэщ икIи, хабзэ хъуауэ, Сидней къалэм щекIуэкIа Олимп джэгухэм япэ увыпIищыр къыщызыхьахэр куэдрэ дызэхуешэс. Мы гъэм Осетие Ищхъэрэ – Аланием дыщигъэхьэщIэнущ, дызыхэта Олимпиадэр илъэс 25-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ.

Спортыр нэгузегъэужьыпIэкъым

- Си гугъэмкIэ, дэтхэнэ зэхьэзэхуэми етIуанэ ущыхъуныр нэхъ гуауэщ, адрей увыпIэхэм елъытауэ. Уэ дауэ абы узэреплъыр?

- Пэжщ ар. Ауэ СССР-м, УФ-м я спортсменхэм я мардэу щытар япэ увыпIэ закъуэрами, апхуэдэ зэхьэзэхуэшхуэм етIуанэ, ещанэ увыпIэр къыщыпхьынри къызэрымыкIуэу лъапIэщ. Олимпиадэм щыIауэ зыри къамыхьами, абы хэтахэр мэгуфIэ. Дапхуэдиз къэрал щыIэ, дэ абы дыхэтащ, жаIэу, загъэщIагъуэу.

Ауэ щыIэщ япэ увыпIэм прамыдзых етIуанэхэри. Джэду IэниуаР щапхъэу къэсщтэнщи, абы 2016 гъэм Бразилием кърихьа дыжьын медалыр дыщэ пэлъытэщ. Дуней псом ялъэгъуащ Iэниуар абы щыгъуэ къуаншагъэ къызэрыкIэлъызэрахьар, дыщэ медалым зэрыхагъэкIыжар. Абы къыкъуэкIа ерыщагъыр нобэми ягъэхъыбарыж икIи, си закъуэ мыхъуу, республикэ псор зыщыгуфIыкIа, дызэрыгушхуэ ехъулIэныгъэшхуэщ ар. ЛIыгъэ хэлъу утыкум итащ, къэралми Къэбэрдей-Балъкъэрми я щIыхьыр лъагэу иIэтащ.

- ЗэIущIэ узыхэтахэм ящыщу, мыр иджыри зэ езгъэкIуэкIыжарэт жыхуэпIэ щыIэ?

- Олимп джэгухэм я дыщэ медалымкIэ нагъыщэ нэхъыщхьэр згъэувыжа нэужь, зыми сегупсысыжакъым. Ауэ, пэжщ, куэд уигу къокIыж. Спортыр нэгузегъэужьыпIэкъым, атIэ лэжьыгъэшхуэщ, къарукIи псэкIи уригъэшу. Иджыри илъэс зыщыплIкIэ тхуэбэнэж къыщызжаIаи къэхъуащ 2001-2002 гъэхэм.

КIуэкIуэ Валерэ сригъэблэгъауэ щытащ, си мурадыр зригъэщIэну, къызэпсэлъэну. Дызэчэнджэщщ, си гугъэхэр жесIэри, унафэ къэтщтауэ щытащ, зэрыжаIэу, «мамыр» гъащIэм сыкъыхыхьэжыну, ди спортсменхэр олимпиадэхэм хуэзгъэхьэзырыну. «Мис абыкIэ къыддэIэпыкъу», - къызжиIат ди Президентым.

Аращ 2004, 2008, 2012 гъэхэм екIуэкIа олипиадэхэм къыщытхьа медалхэм нэхъыбэу сащIыщыгуфIыкIар, нэхъ IэфIу, нэхъ хьэлэмэту ахэр щIызыхэсщIар.

Хъуэщт Аслъэнбэч дыщэ медаль къихьу къыщыкIуэжам, Курамагомедов Заур ещанэ щыхъуам, зызгъэщIэгъуэрт - дэ «классикхэм» мыпхуэдиз медаль диIэщ, жысIэу. БэнэкIэ хуитымкIи дзюдомкIи диIащ медалхэр. ИужькIэ, бэнакIуэхэм зыри къамыхьу къыщыкIуэжам щыгъуэ, Кучинэ Марие и закъуэ къихьа медалыр пэбгъэув хъунут мыдрей псоми зэгъусэу къахьам.

Тау Хьэсэнбий, Аккаев Хьэжмурат, ТIэхущ Заур, Хъуэщт Аслъэнбэч, Курамагомедов Заур, Махуэ Билал, Джэду Iэниуар, Мудрэн Беслъэн, Джэданэ Алим, Урыш Анзор, Кучинэ Марие сымэ дуней псом щыцIэрыIуэ спортсменхэщ. Апхуэдиз цIыху олимпиадэм бгъэкIуэныр ди республикэм дежкIэ зэфIэкIышхуэщ. Ауэ абыкIэ дыкъэувыIэ хъунукъым, дэ иджыри куэд къытпэщылъщ, дызыщыгугъын, ди пщIэр лъагэу зыIэтыфын спортсменхэри ди мащIэкъым.

Мис а зи гугъу сщIахэм я ехъулIэныгъэхэм срогушхуэ. СфIэфIщ абыхэм я гугъу щытщIым деж. Псалъэ гуапэхэр яхуэфащэщ ди тренерхэми, Емкъуж Мухьэмэд я пашэу.

- Мурат, зэрыжаIэу, Олимпым и щыгум удэкIащ, атIэми дуней псом и чемпион цIэр зыIэрымыгъэхьэу спортым укъызэрыхэкIыжар уигу къеуэркъэ?

- Пэжыр жыпIэмэ, срикъуат, сешат. Иджыри спортым сыхэтыну сыхуеями, сызэрыхъунур сщIэртэкъым. Фэбжь куэд абы хэсхати, ехъулIэныгъэшхуэхэм сынэмысыфмэ, ауэ сытми сыбгъурыту секIуэкIыныр сфIэтэмэмэмакъым. Языныкъуэ спортсменхэр гугъу щIехьыр и чэзум зэрыхэмыкIыжырщ. Сэ нэхъыжьхэм я чэнджэщыми сыщIэдэIуэщ, сэри псори зэпэслъытри, ди щIэблэм сэбэп сахуэхъуу садэлажьэмэ, нэхъ къэсщтащ икIи ар къызэхъулIауэ къызолъытэ нобэ.

Мыдрейуэ, дапхуэдиз спортсмен щыIэ, дунейпсо чемпионатхэр тхуэнейрэ къахьауэ, ауэ Олимпиадэм и дыщэ медаль закъуэмкIэ ахэр яхуэжыну хьэзыр.

- Мурат, цIыху хьэл-щэнхэм ящыщу спортым сыт нэхъыбэу къуитар?

- Япэрауэ, шыIэныгъэр. ИтIанэ, гупсысэр, псалъэм папщIэ, Iуэху бгъэдыхьэкIэм, зэфIэхыкIэм теухуауэ. УзыдэлажьэкIэм удэгъуэгурыкIуэфу, узыхэт гупым ухэзагъэу щытын хуейщ - нэгъуэщIу къезэгъыркъым. Спортым къыпхелъхьэ мис ахэр псори. Узэгурыуэу, узэчэнджэщу, узэгъусэу Iуэху блэжьмэ, щыуагъэри нэхъ мащIэщ.

- Къардэн Мурат сепсэлъэну сокIуэ щажесIам, ди лэжьакIуэхэми ягу къагъэкIыжащ чемпион ущыхъуа махуэр. Утыкум укъыщихьэнур уи анэ Динэ деж къыщащIэри, зэрыредакцэу зэрызехьэу, телевизорым ихьэным хуэдэу, къызэрыбдэщIахэм и гугъуи ящIащ. Абыхэм гуапэу сэлам къуахыжащ, фIыщIи къыпхуащIыжащ, Олимпиадэ нэужьым ди редакцэм и хэщIэщым унызэреблэгъауэ щытам щхьэкIэ.

- ХьэфIыцIэ Мухьэмэд зи пашэу щыта, нобэ Жыласэ Заурбэч и унафэ щIэт «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэм псоми берычэт бесын яжызоIэ. Си ехъулIэныгъэхэр, си зэфIэкIхэр зыми къащIэнтэкъым икIи зэхахынтэкъым, хъыбарегъащIэ IэнатIэм щылажьэхэр мыхъуамэ. Ауэ, СМИ-кIэ дызэджэу щыIэм, телевиденэр сщIэркъыми, газетырщ псом япэ изгъэщыр. АбыкIэщ цIыхухэм япэм хъыбархэр къызэращIэу щытар. Ноби абы и мыхьэнэр нэхъ лъахъшэ хъуакъым. Пэжыр жысIэнщи, япэ дыдэ изгъэувэхэм фи газетыр ящыщщ.

«Адыгэ псалъэм» еджэхэм фащымыгъупщэу, газет щапIэхэм ар куэду щащэу слъагъуну сыщIохъуэпс.

Мыбдеж, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрамым *(дыщызэпсалъэр КъБР-м и Парламентым и хэщIапIэм пэгъунэгъуущ, **Хь.О.**)* тет киоскхэм сыщыщIэупщIати, дыгуфIэжу тщэнт газетхэр, жаIэ. Нобэрей гъащIэм кофемрэ газетымрэ щыпхузэгуэхынукъым. АтIэ, къалэдэсхэм ар хабзэ яхуэхъуну си гуапэт. ПщэдджыжькIэрэ зэгъусэу ахэр къащэхурэ я Iуэху адэкIэ пэрыхьэжу, хъарзынэтэкъэ ар?!

Сынывохъуэхъу фи газетыр иджыри илъэс мин бжыгъэкIэ щыIэну, лэжьакIуэхэм абы и хьер ялъагъуну, ехъулIэныгъэхэр яIэну.

Епсэлъар
ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олегщ.

Дунейм щыхъыбархэр

ЗэрадэIэпыкъум хагъэщI

ООН-м и Къэрал ассамблеем и зэIущIэм къыщыпсалъэу, Польшэм и президент Навроцкий Кароль жиIащ Украинэм икIуауэ мелуаным нэблагъэ я къэралым зэрыщыпсэур.

Дзэ Iуэху хэхам зэрыщIидзэрэ, къэпщытэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, Польшэм Украинэм щыщу цIыху мелуани 2-м къыщыщIэдзауэ мелуани 3-м нэс кIуащ. «Ди цIыхубэр абыхэм я гур зэIуахауэ яIущIащ, ахъшэкIэ, щыпсэункIэ защIэдгъэкъуащ. Иджыпсту украин мелуаным нэблагъэ ди къэралым щопсэу», - къыхигъэщащ Навроцкий.

Дзэ Iуэху хэхар зэрыщIидзэу, Польшэм Украинэм и цIыхухэм хуитыныгъэ яритащ къэралым щыпсэуну, щылэжьэну. Абыхэм хухахащ зэрызыщIагъэкъуэну мылъкури. Ауэ фокIадэм и пэм Польшэм къищта хабзэм ипкъ иткIэ, Украинэм икIуауэ мылажьэу щысхэм ахъшэкIэ дэIэпыкъунукъым.

Хамэ уэрэдхэм емыдэIуэн папщIэ

УФ-м и Къэрал Думэм Спортымрэ, ЩэнхабзэмкIэ министерствэхэм захуигъэзащ, спорт Iуэхухэр щрагъэкIуэкIкIэ, хамэ къэрал уэрэдхэр къамыгъэсэбэпыну, хэкупсэ мыхьэнэ зиIэ ди макъамэхэр кърагъэуэну.

А Iуэхур къыхалъхьащ Къэрал Думэм СпортымкIэ и комитетым и унафэщI Матыцин Олег, депутатхэу Колунов Сергей, Вольфсон Илья сымэ. Дэфтэрыр хуагъэхьащ УФ-м и и вице-премьер Чернышенкэ Дмитрий.

КъызэралъытэмкIэ, а жэрдэмыр щхьэпэнущ хэкупсэу, щалъхуа щIыналъэм и щэнхабзэр фIыуэ ялъагъуу, пщIэ хуащIу щIэблэр къэхъуныкIэ. Депутатхэм къыхагъэщ дзэ Iуэху хэхар 2022 гъэм щыщIидзам нэхъапэкIэ зи концертхэр ди деж щезыгъэкIуэкIыну зи гугъа куэдым Урысейм гужьгъэжь къыхуащIу унафэр зэракъутэжар, апхуэдэхэм я уэрэдхэм зэредаIуэри нэхъ мащIэ щIын зэрыхуейр.

ФокIадэм и 25, *махуэку*

♦**Фармацевтым и дунейпсо махуэщ**

♦**1941 гъэм** ВКП (б)-м и обкомым унафэ ищIащ уIэгъэ хъуа зауэлIхэр зыхуей хуэгъэзэнымкIэ комитет къызэрагъэпэщыну.

♦**1915 гъэм** къалъхуащ АР-м и цIыхубэ тхакIуэ, драматург, зэдзэкIакIуэ **Еутых Аскэр**.

♦**1932 гъэм** къалъхуащ пшынауэ Iэзэу щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысей Федерацэмрэ щIыхь зиIэ я артист **ПщыхьэщIэ Мухьэжыр**.

♦**1933 гъэм** къалъхуащ адыгэ тхакIуэ **Щэмырзэ Iэмырбий**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 26, жэщым градус 18 щыхъунущ.

ФокIадэм и 26, *мэрем*

♦**Ядернэ Iэщэр гъэкIуэдыжыпэным щIэбэныным и дунейпсо махуэщ**

♦**НэгъуэщI къэралыбзэхэм я европэпсо махуэщ**

♦**1947 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, публицист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм адыгэбзэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Джэрыджэ Арсен**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ, махуэм хуабэр градус 11- 12, жэщым градус 18 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
БАГЪЭТЫР Луизэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Дыгъужь мэлыхъуэ ящIрэ?

ЗэрытхузэфIэкIкIэ дывгъэIэт

2014 гъэм щыщIэдзауэ фокIадэм и 20-м ягъэлъапIэ Адыгэхэм я махуэр. Дэтхэнэ зым и дежкIи гурыIуэгъуэщ уадыгэным къикIыр - нэхъыжьыфIхэм уахуэфащэу, Адыгэ хабзэ дахэм утету упсэунырщ. Адыгэр дэнэ щыпIи щыцIэрыIуэщ икIи щыщапхъэщ и дуней тетыкIэкIэ, щыIэкIэ-псэукIэкIэ, хьэлщэнкIэ, лIыгъэкIэ.

КУРЫТ еджапIэхэм я егъэджакIуэхэм лъэпкъым и махуэ лъапIэм и мыхьэнэр, адыгэ нэсу дунейм утетын зэрыхуейр еджакIуэхэм ягурыдогъаIуэ, лъэпкъым и цIыху щэджащэхэм я гъащIэ гъуэгуанэхэр тегъэщIапIэ тщIыурэ. ЩIалэгъуалэм ящIэн хуейщ я тхыдэр, щыуагъэхэм дерс къыхахыурэ ди нобэм хэпсэукIын папщIэ. Адыгэхэм ди махуэм теухуа зэхыхьэхэр еджапIэм гъэ къэси къыщызыдогъэпэщ. ПащIэ Бэчмырзэ, ЩоджэнцIыкIу Алий сымэ я фэеплъ музейхэм тшэурэ еджакIуэхэм папщIэ дерс гъэщIэгъуэнхэр щыдогъэкIуэкI, хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэми я гугъу яхудощI, ди лъэпкъ хабзэм щыдогъэгъуазэ. Сабийхэр жыджэру хэтщ апхуэдэ зэхыхьэхэм. Языныкъуэхэр усэ къоджэ, адрейхэр къофэ, уэрэд жаIэ, театр теплъэгъуэхэм зыкъыщагъэлъагъуэ.

Лъэпкъыр нобэ дымащIэми, узэрыгушхуэ, уи щхьэр лъагэу щIэпIэтын, адыгэм и цIэмрэ и пщIэмрэ жыжьэу зыгъэIуа, щIэныгъэм, щэнхабзэм, гъуазджэм, литературэм, узыншагъэр хъумэным, спортым, нэгъуэщI унэтIыныгъэхэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIа цIыху цIэрыIуэ куэд къытхэкIащ. Апхуэдэщ дуней псом щыцIэрыIуэ дирижёр Темыркъан Юрэ, сурэтыщI Iэзэ КIыщ Мухьэдин, Олип зэпеуэхэм дыщэ медалхэр къыщызыхьахэу Къардэн Муратрэ Хъуэщт Аслъэнбэчрэ, тхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэхэу ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим, нэгъуэщIхэри.

Лъэпкъым и цIэрыIуагъыр зыкIи елъытакъым абы и инагъ-цIыкIуагъым. Адыгэхэм дуней псом и дэнэ щыпIи пщIэ зэрыщаIэр, я адэанэм, нэхъыжьхэм фIэлIыкIыу зэрыпсэур, Хэкур я псэм ипэ ирагъэщу ижьижьыж лъандэрэ къызэрыгъуэгурыкIуэм теухуа класс сыхьэтхэри ныбжьыщIэхэм ядыдогъэкIуэкI. ЩIэныгъэлIхэм къызэрахутамкIэ, илъэс минипщIым нэблагъэ гъащIэ къызэпызыча ди лъэпкъыр адэкIи щыIэну, псэуну, зиужьыну хуэфащэщ. Абы икIуну гъуэгуанэр куэдкIэ елъытащ щIэблэм.

Адыгэм махуэ хэха дызэриIэр щхьэпэщ, сыту жыпIэмэ хэкурысхэри хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэри ар зэрыдгъэлъапIэм дызэкъуегъэувэ. «Адыгэ псалъэ» газетыр къэзгъэсэбэпу си лъэпкъэгъу псоми захуэзгъэззэну сыхуейщ адыгэм махуэ къэси дызэримахуэмкIэ, ди лъэпкъым и нэхъыжьхэм дахуэфащэу махуэ къэси дыпсэун зэрыхуеймкIэ. Сыт хуэдэ IэнатIэ дыпэрытми ди лъэпкъыцIэр зэрытхузэфIэкIкIэ зэрытIэтыным дэтхэнэри дыхущIэвгъэкъу! Адыгэм ди махуэр куэдрэ зыгъэлъэпIэн лъэпкъ Тхьэм дищI!

ЖЫКЪУЭ Соня.

Экономикэ Политикэ

Мэужьых, къэщІэрэщІэжьынуфэ теткъым

Ижь лъандэрэ Инджылызыр къогъэгурыкІуэ дунейм и къэрал лъэщхэм ящыщу. Езым апхуэдэу иджыри зыкъизыхьэжми, а пащтыхьыгъуэм и зэманыфІхэр блэкІащ икІи и къэкІуэнум шэч къытехьэ хъунущ. ГъэщІэгъуэнщ, ауэ ар абы хуэкІуэщІ пІалъэ кІэщІ дыдэм - илъэсищ къудейм къитІасэу.

ИЩХЪЭКІЭ къыщыдэкІ газетхэр нэхъ зытепсэлъыхьыр Франджым щекІуэкІэрщ. Сэнэ и Іуфэм цІыхухэм президент Макрон Эмануэль и политикэр ямыдэу зэрызыкъыщІэтэрщ, абы и тетыгъуэм къэралым и премьер-министру ту зэрызэрахъуэкІарщ. УщІэпщІэ хъунущ: Британиер-щэ? Абы Іуэхухэр щынэхъыфІ? Хэбгъэзыхьмэ, ар езыр лъэпъэжынкІэ шынагъуэщ. Ар апхуэдэ щхьэпІэм хуэзышІэри, езы пащтыхь Карл Ещанэр я пашэу правительствэм и унафэщІэхэщ. Фигу къэдгъэкІыжынщи, Инджылызыр пащтыхьыгъэ пэтми, абы власткІэ нэхъыбэ дыдэу цыхьэшІэщІапІэр техьэ-текІ премьер-министрхэщ. АтІэ иужьрей пащтых Карл Ещанэр тахъэм зэритІысхьэрэ блэкІа илъэсхэм Лондон щызэрахъуэкІакІэщ премьер-министрті, ещанэми зиІэжьэну къэщІэкІынукъым. Псори зи Іэужьри абыхэм ирагъэкІуэкІ политикэ мыхъумыщІэрщ. Пэжу, а политикэр къэщежьар япэжкІэщ. Джонсон Борис зэрихъуэкІащ консерваторхэм ящыщ Тэрэз Пиз. А илъэхужьыр Британием и тхыдэм хьакъащ нэхъ пІалъэ кІэщІ дыдэкІэ тета премьер-министру - а къулыкъущ зэриІыгъар махуэ 50 къудейкІэщ. А зэманыр абы иригъэщ къэрал цІыфым и мызакъуэу, къэрал кІуэцІми Іуэхухэр щызэІигъэхьэну, апхуэдэу, зэрыкъыпынэ дыдэр къигъэлъэгъуэфыну. Абы зэхищІыхьа къомыр къэпхуэбжэкІынукъым, ауэ хуэзфІэкІащ махуэ 50-м Британиер и экономикэр иригъэтІысэхын, сытми, Трасс текІын хуей хъунщ и къулыкъум.

Иужьк1э къэунэхуащ индусхэм къаохъэкІа консерватор Суна. Премьер-министрыщІэм кІэигъэгугъащ цІыхухэм я кІэщІагъэр къэзыгъэлъагъуэ. Абы щыгъуэми ныкъуэдыкъуэ мелуанипщІыр пигъэкІащ я псэупІэхэр зэрызэпІэпыкъуэ Германием зэригъэмащІэр щилъагъум, абы хуэдитІкІэ къэІэтащ. Киев зэрызыщІигъакъуэр. Абы щыгъуэми ныкъуэдыкъуэ мелуанипщІыр пигъэкІащ я псэупІэхэр зэгъэпІэныным къэралым хущІиту щыта пщІэм. Сталинрэ Іващдж1экІэ зэщІигъэзэну хуэмежьащ. Къэралым хабзэншагъэкІэ къакІуэхэм я бжьыгъэм кІэрыхуакъым, уеблэмэ, хэхъуэ зэпытщ. Ар ямыдзу къоув инджылыз1 къэзэрыгэкІэрэ. Ахэр уэрамым къыдыхьэу хуежьат езыхэм я къэралым и ныпхэр яІыгъыу. Властхэм ар ядакъым: жалащ «къэкІуахэм» я жагъуэ мышІэ хуэмейуэ. Абы щыгъуэми, «къэкІуахэм» Британием и щэнхабзэр къыштэну, къэралым щызекІуэ хабзэхэм зэрагъэзэгъэныгъуейкъым. Ахэр нэхърэ щокІ. ШыщхьэупчІи кІэхэм Шотландием щыщу илъэс 12 зи ныбжь хъыдэжбз цІыкІум сэрэ джыдэкІэ зыщихъумэн хуей хъунщ лей кърихыну къыбгъэдэхьа апхуэдэ щІалэм. АтІэ сыт? Хъэщіэр полицэм хэтхъэусыхэри, хьыджэбз цІыкІур бэлыхь хагъэтащ хуиныбгъ Іэщэ къызэрырихьэкІам къыхэкІыу.

А псоми хэлъхьэж цІыхухэр я псэукІэмкІэ зэрымыарэзыр. Абыхэм къагурыІуакІэщ Стаммер и псальэхэмрэ ящІэкъэмрэ зэрызэпэжыжьэр. Абы къыхэкІыу ар фІэкІынІэ имыІэу къеушынэужьыщ.

А псори къызэрыгэкІщ, езы Инджылызым къынэплъэнкІэ хъуну шынагъуэм елъытагъ. Ар лъэпъэжыным нэблэгъащ. Фигу къэдгъэкІыжынщи, 2014 гъэм фокІадэм и 18-м Шотландиер хамэ унафэм къыщІэкІыным техуауэ япэ референдумыр екІуэкІащ. Абы щыгъуэм щынальэм щыпсэуэм я нэхъыбэр-процент 55,3-р - къэуващ ар ямыдзу. Зэрытлъагъуэри, хуримыкъуар мащІэ дыдэщ. Етlуанэ референдумыр 2020 гъэм иужькІэ екІуэкІын хуеяти, зэкІэ къызэпиудауэ щытащ коронавирусым, иужькІэ япщІэжужащ. Ауэ абы къикІыркъым а Іуэхур ягъэтІылъыпэуэ. Зи щынальэм щыдгъэзэ щыІэ Шотландиер Инджылызым хуэныкъуэкъым. Тхьдэм урипльэжмэ, ар ягъэдэхэ щхьэхуиту псэуным. Хамэ унафэ щыщІэмытаи къыхуихуащ.

Политологхэм зэрыжаІэмкІэ, Инджылызым зиужьырыкъым, ар къэувыІа хуэдэщ. Езы Британием зыри къэщІалэжьыжьырыкъым.

Аращи, Іэхуэр къэщІынэр премьер-министрым я дежи зэкъуэкъым. Кіуэд, щІэщ Британием зэхъуэкІныгъэ инкъэ щегъэкІуэкІын зэрыхуейр. Ауэ ахэр зэрыгаръэкІуэкІын ахъшэ яІэкъуми, езыгъэкІуэкІын политикэ къарури щыІэкъым.



Къулейсызхэр нэхъыбэ хъурэ?

ХьэщыкІынымкІэ и министерствэм и мурадщ мис а МРОТ-р сом мин 27-рэ 93-м нигъэсыну, нэгъуэщІу жыпІэмэ, сом мини 5-м нэблагъэкІэ иІэтыну. Абы цІыху мелуани 4,6-м я хэхъуэкІэ занщІэу къэзыдгъэІэпыкъуэ. Уегупсысэ хъунут а лъэбакъуэм къэралым ис псоми я сэбэп екІыну. Арщхьэкlэ псори апхуэдэу къызэрыгэкІкъым: зи гугъу тщІы хабзэм егъэув езым къыщІитекІ хъунуэ. Псалъэм и хъэтыркІэ, цІыхум и улахуэр зытращІысынур ар зэрылажьэ сыхьэт бжыгъэрэ. Арщ хэхъуэкІэ мащІэу щытыныр къэзышІэри. УлахуэкІэм заІэтыхукІэ (щІышылэм елъытауэ процентиу 9-кІэ абыхэм хэхъуащ) нэхъыбэ мэхъу ахъшэ нэхъ мащІэ фІэкІа зрамыт цІыхухэм я бжыгъэри

2025 гъэм къытхуихьа «Тыгъэхэр Іэщlагъэлъэкм къызэрІуатэр щlагъуэу зэщхьэщыкІыкІрыкъым. Абыхэм ар псом япэу ирахьэлІэ ныбжьыщІэхэр нэхъ куэду лажьэлІэ ягъэув зэрыхъум. ЩІалэщІэхэмэ хъыджэбзхэмрэ я лэжьэгъуэ зэманыр, напІэу зэІэщэкІэ зэщІэузэда я къарухэм лъэныкъуэ псомкІи хъми щІы щхьэфэмкІи къыщдахъуэреихьа Япониеми зиумысижащ зэрыхагъэщІакІэ икІи Іэщэр игъэтІылъащ. Ди совет цІыхубэр я къарури , я гуащІи щысхьакъым дытекІуэн папщІэ. Дэ илъэс хьэлъэхэр етхьакІэщІ. Ауэ иджы дэ тщыщ дэтхэнэми жьгтІэфынуц дыззрытекІуар. Иджы къыщыщІэдзауэ дэ къэтлъытэ хъунущ нэмыцэхэр кІухьэпІэмкІэ, япончэр къэзыкІыпІэмкІэ ди къэралым къыщытеуэнкІэ шынагъуэ щымыІэжу. Сынывохъуэхъу, си хэкуэгъу цІыхухъу, цІыхубэ лъапІэхэ, екъуІэныгъэкІэ зауэр зэриухамкІэ икІи дуней псом мамырыгъэр зэрыщІэзэрІэуэвэжамкІэ».

А махуэ дыдэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым къыдигъэкІа Указым иттг: «Японием дызэрытекІуар дгъэлъэпІэн папщІэ фокІадэм и 3-р цІыхубэ гуфІэгъэуз - Японием дызэрытекІуам и гуфІэгъуэу гъэувын. ФокІадэм и 3-р мылэжьэгъуэ махуэ къэлъытэн».

Ар куэдщ зыпэмыплъат. Язынык1уэхэм ящІэххакъым фокІадэм и 3-м и блищьэр мылэжьэгъуэу зэрыщытыр икІи я Іэнатlэхэм евгьэлІэну кІуащ. Арщхьэкlэ псори нэхъ къызэрытехьэлъар пІалъэ кІэщІ дыдэм я махуэшхэм хуэфащэн гуфІэгъуэ езыщІэкІыну къызытетхуэхэрщ: псынщІэ дыдэу концертхэр, нэгузыжьк Іэухуэр зэхаублэн хуей хъунущ. Газетхэм къытрадзащ цІэрыІуэ хъуа композитор Шостаковичи Дмитрий и къэухъу псалъэхэр, совет усакІуэ хэлъхьэхэм я усэхэр.

Апхуэдэ щІыкІэкІэ Тек1уэныгъэм и махуэр даха иужь мыгувэу совет цІыхухэр игъэгуфІащ нэгъуэщІкІи: фокІадэм и 30-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым игъуващ «Японием дызэрытекІуам папщІэ» медальр. Ар иратащ цІыху мелуанрэ мин 831-м - самурайхэм япэщІэта зауэлІ псоми. Медальыр «Германием дызэрытекІуам папщІэ» дамыгъэм и тепльэкІэ ещІэт, ауэ иджырейм тет Сталинырэ япэрейм хуэдэу здэлъхьэ къухьэпІэмкІэтэкъым, атІэ къуэкІыпІэмкІэт.

Псом хэзмыдзу гуфІэгъуэр яІэтащ 1946 гъэм - зыкъуагъэхъэзырыну зэман яІэт. Совет Союзым и цІыхухэри союз республикхэм я къалащхьэхэри сыт и лъэныкъуэкІи гъэщІэрэщІат, дэнэ щІыпІи щІэзэхэпхырт макъамэ гуакІуэхэр, цІыхухэм я дихьэшх макъамэ. Москва и уэрамхэм зыкъыщагъэлъагъуэрт театрым, циркым, эстрадэм я артистхэм.

Арщхьэкlэ зы илъэс дэкІри, псори... кІуэдьжащ. 1947 гъэм накъыгъэм и 7-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым фокІадэм и 3-р хагъэхьащ Етlуанэ дунейпсо зауэр щиухауэ. 2020 гъэм ар ягъэлэпхъуэжащ 1945 гъэм зытраубыдауэ щыта фокІадэм и 3-м икІи ар ягъэуващ милитарист Японием щытекІуа икІи Етlуанэ дунейпсо зауэр щиуха махуэу.

Хъэщхьыныжк1э и министерствэм и мурадщ мис а МРОТ-р сом мин 27-рэ 93-м нигъэсыну, нэгъуэщІу жыпІэмэ, сом мини 5-м нэблагъэкІэ иІэтыну. Абы цІыху мелуани 4,6-м я хэхъуэкІэ занщІэу къэзыдгъэІэпыкъуэ. Уегупсысэ хъунут а лъэбакъуэм къэралым ис псоми я сэбэп екІыну. Арщхьэкlэ псори апхуэдэу къызэрыгэкІкъым: зи гугъу тщІы хабзэм егъэув езым къыщІитекІ хъунуэкІэ. Псалъэм и хъэтыркІэ, цІыхум и улахуэр зытращІысынур ар зэрылажьэ сыхьэт бжыгъэрэ. Арщ хэхъуэкІэ мащІэу щытыныр къэзышІэри. УлахуэкІэм заІэтыхукІэ (щІышылэм елъытауэ процентиу 9-кІэ абыхэм хэхъуащ) нэхъыбэ мэхъу ахъшэ нэхъ мащІэ фІэкІа зрамыт цІыхухэм я бжыгъэри

2025 гъэм къытхуихьа «Тыгъэхэр Іэщlагъэлъэкм къызэрІуатэр щlагъуэу зэщхьэщыкІыкІрыкъым. Абыхэм ар псом япэу ирахьэлІэ ныбжьыщІэхэр нэхъ куэду лажьэлІэ ягъэув зэрыхъум. ЩІалэщІэхэмэ хъыджэбзхэмрэ я лэжьэгъуэ зэманыр, напІэу зэІэщэкІэ зэщІэузэда я къарухэм лъэныкъуэ псомкІи хъми щІы щхьэфэмкІи къыщдахъуэреихьа Япониеми зиумысижащ зэрыхагъэщІакІэ икІи Іэщэр игъэтІылъащ. Ди совет цІыхубэр я къарури , я гуащІи щысхьакъым дытекІуэн папщІэ. Дэ илъэс хьэлъэхэр етхьакІэщІ. Ауэ иджы дэ тщыщ дэтхэнэми жьгтІэфынуц дыззрытекІуар. Иджы къыщыщІэдзауэ дэ къэтлъытэ хъунущ нэмыцэхэр кІухьэпІэмкІэ, япончэр къэзыкІыпІэмкІэ ди къэралым къыщытеуэнкІэ шынагъуэ щымыІэжу. Сынывохъуэхъу, си хэкуэгъу цІыхухъу, цІыхубэ лъапІэхэ, екъуІэныгъэкІэ зауэр зэриухамкІэ икІи дуней псом мамырыгъэр зэрыщІэзэрІэуэвэжамкІэ».

А махуэ дыдэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым къыдигъэкІа Указым иттг: «Японием дызэрытекІуар дгъэлъэпІэн папщІэ фокІадэм и 3-р цІыхубэ гуфІэгъэуз - Японием дызэрытекІуам и гуфІэгъуэу гъэувын. ФокІадэм и 3-р мылэжьэгъуэ махуэ къэлъытэн».

Ар куэдщ зыпэмыплъат. Язынык1уэхэм ящІэххакъым фокІадэм и 3-м и блищьэр мылэжьэгъуэу зэрыщытыр икІи я Іэнатlэхэм евгьэлІэну кІуащ. Арщхьэкlэ псори нэхъ къызэрытехьэлъар пІалъэ кІэщІ дыдэм я махуэшхэм хуэфащэн гуфІэгъуэ езыщІэкІыну къызытетхуэхэрщ: псынщІэ дыдэу концертхэр, нэгузыжьк Іэухуэр зэхаублэн хуей хъунущ. Газетхэм къытрадзащ цІэрыІуэ хъуа композитор Шостаковичи Дмитрий и къэухъу псалъэхэр, совет усакІуэ хэлъхьэхэм я усэхэр.

Апхуэдэ щІыкІэкІэ Тек1уэныгъэм и махуэр даха иужь мыгувэу совет цІыхухэр игъэгуфІащ нэгъуэщІкІи: фокІадэм и 30-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым игъуващ «Японием дызэрытекІуам папщІэ» медальр. Ар иратащ цІыху мелуанрэ мин 831-м - самурайхэм япэщІэта зауэлІ псоми. Медальыр «Германием дызэрытекІуам папщІэ» дамыгъэм и тепльэкІэ ещІэт, ауэ иджырейм тет Сталинырэ япэрейм хуэдэу здэлъхьэ къухьэпІэмкІэтэкъым, атІэ къуэкІыпІэмкІэт.

Псом хэзмыдзу гуфІэгъуэр яІэтащ 1946 гъэм - зыкъуагъэхъэзырыну зэман яІэт. Совет Союзым и цІыхухэри союз республикхэм я къалащхьэхэри сыт и лъэныкъуэкІи гъэщІэрэщІат, дэнэ щІыпІи щІэзэхэпхырт макъамэ гуакІуэхэр, цІыхухэм я дихьэшх макъамэ. Москва и уэрамхэм зыкъыщагъэлъагъуэрт театрым, циркым, эстрадэм я артистхэм.

Арщхьэкlэ зы илъэс дэкІри, псори... кІуэдьжащ. 1947 гъэм накъыгъэм и 7-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым фокІадэм и 3-р хагъэхьащ Етlуанэ дунейпсо зауэр щиухауэ. 2020 гъэм ар ягъэлэпхъуэжащ 1945 гъэм зытраубыдауэ щыта фокІадэм и 3-м икІи ар ягъэуващ милитарист Японием щытекІуа икІи Етlуанэ дунейпсо зауэр щиуха махуэу.

«Тэрч» и макъыр жыжьэ мэІу

Хъыбарегъащіэ Іэнатlэм и мыхьэнэр жылагъуэм дапщэщи щыиныр. Газетхэм, телевиденэм, радиом я фІыгъкІэ щыпІэм щыпсэупІэщІыса хъур кхъухьукъащІэхэм ятеухуа хъыбархэм я закъуэкъым, атІэ яунэтІыф жылагъуэ гупсысэр, цІыхухэм я дунейеплъыкІэр. Апхуэдэ къалэныщхуэхэр игъэзащІэу илъэс 80 лъандэрэ Тэрч щынальэм къыщыдокІ «Терек-1» район газетыр. Илъэс зэхуэмыдэхэм фІэщыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр игъэзащІэу щыІэныгъэм ипэ дунейм къытехьами, ар сыт хуэдэ зэмани цІыхубзи пэжу яхуэгъэлъэшащ, къыпэщылъ Іуэхуэхэр екІуу, пэжыр и лъабжьэу, къыщыхуэтыншэу зэфІигъэкІыу.

ТэРЧ щІыналъэм и администрацэм и унэм иджыблагъэ Іэтауэ щагъэлъапІащ газетым и япэ номерыр къыщыдэкІа махуэшхуэр. ГуфІэгъуэ зэхуэсым кърихьэлІат щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Хъущт Аслъэнбий, абы и къуздзэкІмрэ Іуэхущапэм и къудамэхэм я унафэщІхэмрэ. Апхуэдэ редакцэм и махуэщІыр дАІэтыну щІыпІэ журналистхэм яхуеблэгъат КъБР-м бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ, связымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и министрым и къуздзэ Гилиев Мурат, КъБР-м и Парламентым и депутатэху Хъэздурэ Заурбий, ПІэжь Ахьмэд, Бахъсэнокъуэ Залым, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» республикэ газетым и редактор нэхъыщхьэ Жыласэ Заурбэч, «Заман» республикэ газетым и редактор нэхъыщхьэ Конаков Хьэсэн, ди щІыналъэм и район газетхэм я унафэщІхэу Доткъуэ Сафарбий («Баксанские вести»), Доврановэ Светланэ («Прохладненские известия»), Щокъуий Іэминэ («Зольские вести»), Сэхъурокъуэ Асир («Маяк», Аруан район) сымэ. Зэхуэсым хэтащ газетым и ветеранхэр, Тэрч щынальэм хьихэ кхуэажэхэм я пашэхэр, щылажьэ Іэхуэщ1апІэхэм я унафэщІхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІэгъэр.

ГуфІэгъуэм и пэублэр хъэщІэхэр кІэщІу щыгъуэзэ хуащІащ газетым къикІуа тхьдэ гъэзэгуанэм. ЗэрыжаlамкІэ, район газетым и япэ номерыр 1945 гъэм и фокІадэм дунейм къытехьащ. 1941-1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхэр, фэеплъ сагъэувэжауэ, ягъэлъапІэу щыІэ. КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкІыу Жыласэ Заурбэч щІыхь тхылъхэр яритащ къызэрыдэкІрэ илъэс 80 ирикъуа «Терек-1» район газетым и лэжьакІуэ гупым, газетым и редактор нэхъыщхьэ Дадэ Аслъэн.

ГуфІэгъуэм щыжаІа псори къызэщІикъуэжу зэхуэсым и кІэухым къыщІэлъэІащ Дадэ Аслъэн.

- Псом япэрауэ, фІыщІэ ин яхуэщІ нобэрей ди махуэщІым къытхуеблагъэу ди гуфІэгъуэр къыддэзыІэта, ар тхуэзыгъэдэха псоми. Ди щхьэр лъагэу дыбгъэлъагъэкащ, ди пщІэр къэфІэтащ, ди гур хэгъэгъэщ, - жиІащ Дадэм. – Къэрал унафэщІхэмрэ жылагъуэмрэ зэпызыщІэу, я Іэхуэр гупсысэкІэ зэрызыгъэщІэу яку дэт хъыбарегъащІэ Іэнатlэм дрищапхъэу дыкъокІуэкІ ди газетыр. Ди къэлэнхэр екъэлащ щІыналъэ, щІыпІэ унафэщІхэм я лэжьыгъэр пэжу, зэпкърихауэ щІыпІэм я дежи нэхъэсыным, жылагъуэм мыхьэнэшхуэ щызиІэ Іэнатlэхэм (политикэм, экономикэм, узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, спортым, нэгъуэщІхэми) щекІуэкІ лэжьыгъэхэр лъэныкъуэ зэмылІэужьыгъуэ куэдкІэ къэзылъэгъуэным, ди щІэджыкІалІуэхэм я гупсысэхэр, епльыкІэхэр хэлъхьэу щІ

Адыгэхэм я махуэшхуэр ягъэлъапIэу

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ, ди лъэпкъэгъухэр щыпсэу дэнэ щIыпIи фокIадэм и 20-м Адыгэхэм я махуэр гукъинэжу щагъэлъэпIащ. Налшык къалэм и прогимназие №34-ми къыщызэрагъэпэщат махуэшхуэм иращIэкIа зэхыхьэ гъэщIэгъуэнхэр.

ХЬЭЩIЭХЭМ зыщрагъэплъыхьащ школым Iуэрылуатэмкlэ и музейм. Iуэхущlaпlэм и пщlaнтlэм щагъэлъэгъуащ адыгэ тхакlуэхэм я Iэдакъэ къыщlэкla тхылъ купщlaфlэхэр, цlыху lэпщlэлъапщlэхэм я Iэдакъэщlэкlхэр, «Дэ - адыгэм дрищlэблэщ» фlэщыгъэм щlэту еджакlуэхэм ящla сурэт щхъуэкlэплъыкlэхэр, адыгэ лъэпкъ шхыныгъуэхэр.

Прогимназием и унафэщl Дол Анжелэ зэхыхьэм ирагъэблэгъа хьэщlэхэм фlыщlэ яхуищlри, жиlащ щlэблэм хэкупсэ, псэкупсэ гъэсэныгъэ етыным, сабийхэр лъэпкъ хабзэхэм щыгъэгъуэзэным мыхьэнэшхуэ зэраlэр, я lуэхущlапlэм а lуэхугъуэхэм гулъытэ ин зэрыщыхуащlыр, егъэджэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ зэрызэпыщlар, еджакlуэхэм я щlыналъэр фlыуэ ялъагъуу, пщlэ я зэхуаку дэлъу, нэхъыжьхэм ядэlэпыкъуу, гуапагъэ ящlэу къызэрагъэхъур, лъэпкъ тхыдэм, хабзэхэм, лъапlэныгъэхэм зэрыщlапlыкlыр, абы ехьэлla класс щlыб гупжьей зэраlэр, зэхыхьэ щхьэпэхэр къызэрызэрагъэпэщыр. Абы къахуихьащ Ломоносов Михаил и псалъэхэр: «Зи тхыдэр зымыщlэж лъэпкъым къэкlуэни иlэнукъым».

- Адыгэхэм я махуэр нобэ догъэлъапlэ. Нэгъуэщl лъэпкъхэм я махуэшхуэхэми апхуэдэ гулъытэ яхудощl. Щlэблэм я анэдэлъхубзэр ящlэным мыхьэнэшхуэ иlэщ. Лъэпкъ зэмылlэужьыгъуэхэм я щэнхабзэм теухуа гъэлъэгъуэныгъэхэри къызыдогъэпэщ. Сабийхэм ящlэн хуейщ гъунэгъу лъэпкъхэм я щэнхабзэр, абыхэм зэщхьу яхэлъымрэ зэрызэщхьэщыкlымрэ, - жиlащ Анжелэ. - Ди ныбжьыщlэхэр лъэпкъ къафэхэмрэ макъамэмрэ дахьэх. Махуэшхуэ концертхэр щыдгъэхьэзыркlэ, lэмал имыlэу лъэпкъ хабзэм ехьэлla дауэдапщэхэм гулъытэ яхудощl, абыхэм ятеухуа теплъэгъуэхэр догъэлъагъуэ. Цlыкlухэм а хабзэхэр ягу ираубыдэ, зыхалъхьэ. Ди къалэн нэхъыщхьэр хьэл-щэн дахэ зыхэлъ, къэралым и хъумакlуэхэм, абы и цlыху щэджащэхэм пщlэ яхуэзыщl, къызыхэкlам хуэфащэ цlыху дгъэсэнырщ. Щlэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ теухуа зэпеуэхэми жыджэру дыхэтщ, япэ увыпlэхэр къыщыдохь. Дунейпсо Адыгэ Хасэми дыдолажьэ. Абы и фlыщlэ тхылъыр нэгъабэ къытхуагъэфэщащ.

- Анэдэлъхубзэр, щэнхабзэр, хабзэр хъумэным мыхьэнэшхуэ иlэщ. Бзэмрэ щэнхабзэмрэ тхузэгуэмыхыну зэпыщlащ. Ахэр зыужьыныгъэм и лъабжьэщ, - жиlащ Налшык къалэ администрацэм Егъэджэныгъэмкlэ и департаментым и унафэщl Мэлбахъуэ Алим. - Прогимназием и унафэщlымрэ абы и лэжьакlуэхэмрэ фlыщlэ яхуэфащэщ мы гъэм илъэс етхуанэ хъуауэ республикэпсо мыхьэнэ зиlэ мыпхуэдэ махуэшхуэхэм я зэфlэкl ягъэлъагъуэу зэрыхыхьэм. Фи мурадхэр Тхьэм къывигъэхъулlэ! Адыгэхэм ди махуэшхуэмкlэ сынывохъуэхъу!

Зэхыхьэм зыкърезыгъэхьэлlахэм я нэгу зрагъэужьащ макъамэрэ къафэрэ зэбэкl, адыгагъэм, анэдэлъхубзэм, лъэпкъ хабзэм теухуа уэрэдкlэ, усэрэ хъуэхъукlэ гъэнщla концерт щlэщыгъуэкlэ. Пшыхьыр ирагъэкlуэкlащ УФ-м щэнхабзэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ, КъБР-м щlыхь зиlэ и артист Битокъу Беслъэнрэ прогимназие №34-м и гъэсакlуэ Мазло Иринэрэ. Махуэшхуэм и тхыдэр, адыгэм и блэкlар, ди лъэпкъэгъухэр дуней псом зэрыщикъухьар, ди щыlэкlэ-псэукlэр, ди зыужьыныгъэхэр, дызэрыгушхуэ цlыху цlэрыlуэхэр ягу къагъэкlыжащ къекlуэлlахэм.

- Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр 2014 гъэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм и жэрдэмкlэ, КъБР-м и lэтащхьэм и унафэкlэ ягъэуващ икlи ар зыгъэпсэхугъуэ махуэу къащтащ. Адыгэ лъэпкъым и тхыдэмрэ зыужьыныгъэмрэ теухуа махуэшхуэр хуэунэтlащ лъэпкъым и щхьэр, и анэдэлъхубзэр, къыдекlуэкl щэнхабзэ хъугъуэфlыгъуэр, хабзэ дахэхэр, лъапlэныгъэхэр ихъумэжыным. Дуней псом адыгэу тетым, ди лъэпкъым и ныбжьэгъуфlхэм илъэс бжыгъэ хъуауэ зэдыдогъэлъапlэ мы махуэшхуэр, - жиlащ Битокъум. - А махуэр къыхалъхьащ дуней псом и плlанэпэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм яхудиlэ пыщlэныгъэр тхъумэн, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр дгъэбыдэн папщlэ. Фащэр зейр зезыхьэращ жаlэ, ди пщlэмрэ ди фащэмрэ тlыгъыжу, зи махуэшхуэр куэдрэ зыгъэлъэпlэн лъэпкъ Тхьэм дищl!

Концертыр ирагъэжьащ Урысеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я гимнхэмкlэ. Ар ягъэдэхащ Ныбжь Азэмэт, уэрэдымрэ къафэмкlэ «Амикс» театрым, прогимназием и егъэджакlуэхэмрэ и гъэсэнхэмрэ.

Цlыпlынэ Нинэ итащ адыгэм ижь-ижьыж лъандэрэ къыдекlуэкl дыщэидэ lэщlагъэ дахэм теухуа мастер-класс щхьэпэ. Хэдыкlымрэ хъагъэ дахэхэр зэlущэнымрэ щlэблэр дегъэхьэхыным, лъэхъэнэхэр зэпызыщlэ пасэрей лъэпкъ lэщlагъэр дымыгъэкlуэдыжыныр уасэншэщ. А дахагъэм уимытхьэкъункlэ lэмал иlэкъым. Нинэ жиlащ фэилъхьэгъуэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ ирагъэдахэ къудей мыхъуу, тхыпхъэм гупсысэ куу, мыхьэнэшхуэ иlэу зэрыщытар. Лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ къыддекlуэкl lэщlагъэр иджырей зэманым декlуу, псэуплlэр игъэдахэу, щыгъыным хаухуанэу утыку къызэрырахьэжар гуапэщ. Ар пасэрей lэщlагъэм и гъащlэм къыпызыщэщ. Абдеж щагъэлъэгъуащ еджапlэм екlуалlэ хъыджэбз цlыкlухэм хэдыкlымкlэ я зэфlэкlыр, я lэпlэсагъэр.

Щlалэ цlыкlухэри нэхъыжьыlуэхэри дихьэхыу хэтащ гуфlэгъуэ дауэдапщэхэр езыгъэкlуэкl джэгуакlуэ Джэдгъэф Беслъэн зэхиша кхъуейплъыжькlэрыщlэм. Сабий къэхъуам цlэ фlаща нэужь къыкlэлъыкlуэ нэгузыужь дахэу щыта кхъуейплъыжькlэрыщlэр lэпэдэгъэлэл ящla ди хабзэ дахэхэм ящыщщ. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм къыщегъэщlэрэщlэж Джэдгъэфым. Апхуэдиз дахагъэ зыхэлъ хабзэр цlыхубэм яlэщlэмыгъэхуным мыхьэнэшхуэ иlэщ. Абы щlэупщlэ иlэ хъужащи, Беслъэн а lуэхум йолэжь. Дунейм къытехьа сабийм адыгэхэм зэраlэтым, хуалэжьым хуэдиз хуэзыщlэу хабзэ зиlэ лъэпкъ куэд щыlэу къыщlэкlынкъым. Мы хабзэри абы и щыхьэтщ. Абы Цlыпlынэ Идар къыпищащ илъэсиплl-илъэсибл ныбжьым ит сабийхэм яхуэгъэза адыгэ джэгукlэхэмкlэ.

Зэхыхьэм щагъэлъэгъуащ «Нысашэ» пасэрей лъэпкъ хабзэри. Хъуэхъу, уэрэд, джэгу жыпlэми, куэд щызэхэухуэна мы теплъэгъуэм хэта ныбжьыщlэхэм ар щlэщыгъуэ ящыхъуащ икlи шэч хэлъкъым лъэпкъым къыдекlуэкl мы хабзэ дахэр ягу зэрыраубыдэнум.

Махуэшхуэм ирагъэблэгъащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, Налшык къалэм и курыт еджапlэхэм я унафэщlхэр, еджакlуэхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ.

Тхыгъэри сурэтхэри **ТЕКIУЖЬ Заретэ** *ейщ.*

Шэрджэс пщащэр

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Адыгэхэм я махуэм ирихьэлlэу КъБР-м и Лъэпкъ музейм къыщызэlуахащ а lуэхущlапlэмрэ Адыгэ Республикэм и Лъэпкъ музеймрэ зэгъусэу къызэрагъэпэща «Черкешенка. Гармония, изящество, стиль» зи фlэщыгъэ гъэлъэгъуэныгъэ купщlафlэ.

АБЫ утыку къыщрахьащ ди эрэм ипэ къихуэ XII-VII лlэщlыгъуэхэм къыщегъэжьауэ XIX лlэщlыгъуэм и кlэ хъуху адыгэ цlыхубзым и мэ зыщыуа. И гупсысэ и лъэныкъуэкlэ убгъэдыхьэмэ, гъэлъэгъуэныгъэр lыхьитlу бгуэш хъунущ: археологие къэхутэныгъэхэмрэ этнографие хьэпшыпхэмрэ. Язынхэзми къигъэлъагъуэр зэман-зэманкlэрэ бзылъхугъэм и щыlэкlэ-псэукlэм, и зыхуэпэкlэ-зыlыгъыкlэм зэрызихъуэжырщ.

Археологие lыхьэм и курыхыр хухэхащ адыгэхэр къызытепщlыкlауэ къалъытэ меотхэм къахэкla бзылъхугъэхэм. Дыщэм, дыжьыным, домбеякъым къыхэщlыкla хьэпшыпу абыхэм къащlэнахэр хэлъщ гъэлъэгъуэныгъэм. Меотхэм я хьэпшыпу ди деж къэсахэм я нэхъыбэр домбеякъымрэ ткlуаткlуэ гъэжамрэ къыхэщlыкlащ. Гъэлъэгъуэныгъэм хэлъщ домбеякъ гъуджэ цlыкlухэр, хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкlэ, яхъуэурэ укъищыху ягъэцlуууэ щытахэр.

Этнографие lыхьэм ди нэгу къыщlигъэувэр адыгэ бзылъхугъэр къыщалъхуам къыщыщlэдзауэ жьы хъуху ищlэилэжьырщ. Гъэлъэгъуэныгъэм утыку къыщрахьащ музейм и гъэтlылъыгъэхэу бзылъхугъэхэм я lуэхущlaфэхэр, я гъащlэр къадэзыгъащlэ хьэпшып зэмылlэужьыгъуэхэр, лъэпкъ фащэхэм я щхьэхуэныгъэхэр, зэрызагъэдахэ, lэпэlэсагъэм къигъэщl хьэпшыпхэр, унэлъащlэхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм и хьэтыркlэ, цlыхухъу, цlыхубз, сабий фащэхэр, макъамэ lэмэпсымэхэр, арджэн, шэнт, lэнэ, хьэкъущыкъу хуэдэхэр, кхъуэщын кумбыгъэхэр, дыщэидэкlэ гъэдэха цlыхубз хьэпшыпхэр, бзылъхугъэхэм зэрызагъэдахэ lэпщэхъухэр, тхьэгъухэр. Абджым къыхэщlыкla lэлъыныр нэгум къыщlэгъэхьэгъуейми, ди эрэм ипэ l лlэщlыгъуэм - ди эрэм и l лlэщlыгъуэм я кум и ныбжькlэ дэту къалъытэ апхуэдэ lэлъыныр гъэлъэгъуэныгъэм хэлъщ.

Зэlущlэр езыгъэкlуэкla, Лъэпкъ музейм и унафэщl Накуэ Феликс псалъэ яритри, зэlущlэм къыщыпсэлъащ КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министрым и къуэдзэ Карчаевэ lэминэ, КъБР-м и цlыхубэ сурэтыщlхэу Бгъэжьнокъуэ Заурбэч, Жылэ Анатолэ, Црым Руслан, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къаныкъуэ Заринэ сымэ. Абыхэм фlэхъус ирахащ хьэщlэхэм икlи къаша хьэпшыпхэр зэрафlэтелъыджэр, lуэхущlапlэр апхуэдэхэмкlэ зэрыбейр, хуэсакъыу ахэр зэрахъумэр къыхагъэщащ.

Адыгэ Республикэм и лъэпкъ музейм и унафэщlым и къуэдзэ Щоджэн Налмэс фlыщlэ яхуищlащ къаша хьэпшыпхэр зыфlэгъэщlэгъуэну къызэхуэса псоми. Зэlущlэм и кlэух lыхьэу щытащ хьэпшыпхэм я тхыдэм, я хъыбархэм налшыкдэсхэмрэ абы и хьэщlэхэмрэ щагъэгъуэзэныр.

БЛИЙ Даянэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Iуданэхэм къаIуатэр

Сурэтыщl-модельер, дэрбзэр lэзэ Хьэцlыкlу Мадинэ и lэдакъэщlэкlхэм я гъэлъэгъуэныгъэ Адыгэхэм я махуэм ирихьэлlэу къыщызэlуахащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр илъэси 100 зэрыхъум и цlэр зезыхьэ паркым ит галереем. «lуданэхэм къаlуэтэжа хъыбархэр» («Истории, рассказанные нитями») зыфlаща зэlущlэр гукъинэжщ, щlэщыгъуэщ, телъыджэщ.

ИЖЬ-ИЖЬЫЖ лъандэрэ адыгэхэм къадэгъуэгурыкlуэ лъэпкъ фащэхэм гупсысэ куэд къызэщlаубыдэ, дэтхэнэ и зы lыхьэри щэнхабзэ дамыгъэ ирикъуу. Щэкlми, тхыпхъэми, абыхэм къатещ нэгъуэщl дамыгъэми яхэткъым зыгуэр къызэрымыкl, хабзэм, ар зыщыгъым и шыфэлlыфэм щегъэжьауэ, зыщыщым деж щиухыжу. Атlэ Мадинэ къалэну зыхуигъэувыжыр мис ахэр хъумауэ, атlэми иджырей щlалэгъуалэм фlэгъэщlэгъуэнын гуэри къыхэщу фэилъхьэгъуэщlэхэр щlынырщ. Ар абы пылъхьэншэу къызэрехъулlэм и щыхьэт наlуэщ пэшым узэрыщlыхьэу уи нэгум къыlуидзэ lэрыкlхэр - пасэрей фащэхэм ещхь икlи къащхьэщыкl фэилъхьэгъуэхэр. Дыщэ, дыжьын lуданэкlэ яхэщlыхьауэ абыхэм къатещ лъэпкъ дамыгъэхэм, тхыпхъэхэм, щlыlухэм, абыхэм ешэкla лэрыпсхэм лейуэ зыри яхэлъкъым, зэманым дэкlуэдынкlэ хъуну дэрбзэрым ихъума гуэрщ армыхъумэ.

Мадинэ и lэдакъэщlэкlхэм ущеплъкlэ гу лъыботэ пасэрей фащэхэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэм иджырей теплъэ зэрыщlигъум, абыкlэ ахэр щlэщыгъуэ, зэманым декlу зэрищlым. Ар блэкlар зригъэзэхуэжу, хьэмэрэ теlэзэщlыхьу аракъым, атlэ щlэблэхэмрэ лlэщlыгъуэхэмрэ «зэрызригъэпсалъэ» lэмалщ. Адыгэ къуажэхэмрэ унагъуэхэмрэ щызэрахьа лъэпкъ дамыгъэхэмрэ дыкlэхэмрэ нэгъуэщl еплъыкlэ къахуегъуэт Мадинэ, икlи абы и lуэхум къыхощ жьыр зэрымыкlуэдыр, атlэ зихъуэжурэ адэкlэ зэрыпсэур.

Иджыри зэ щlэджыкlакlуэхэм фигу къэдгъэкlыжынщи, Хьэцlыкlу Мадинэ lэлисэхь и пхъур 1967 гъэм къалъхуащ. КъБКъУ-р къиухащ 1989 гъэм, химие щlэныгъэхэмкlэ кандидатщ. Ауэ гъащlэ гъуэгу хуэхъуар химиеракъым, атlэ дэрбзэр lэщlагъэрщ - 1993 гъэм лъэпкъ фащэхэм я унэ къызэlуихащ. Адыгэ фащэм ирогушхуэ ди лъэпкъым къыхэкla дэтхэнэ зыри, лъэныкъуэкlэ къыщыт цlыхум абы и зэхэлъыкlэр имыгъэщlэгъуэнкlэ, зыlэпимышэнкlэ lэмал иlэкъым. Хьэцlыкlу Мадини абыхэм ящыщ зыт, ауэ «дихьэхащ» псалъэр мащlэу, и гъащlэр абы епхауэ, фlылъагъуныгъэу иlэр зыхуэгъэзари зыхуэлэжьэнури арауэ къыщlэкlащ. Дыщэ, дыжьын lуданэкlэ хэдыкlын lэщlагъэм и щэхухэр емызэшыжу къэзыхутэ lэпщlэлъапщlэщ Мадинэ. Абы и lэдакъэщlэкlхэм щызэхеухуанэ адыгэм зыгъэщlэрэщlэкlэм и lэмалу гъуазджэм и лъагапlэм нигъэсыфамрэ нобэрей лъагъукlэмрэ. Арауи къысщохъу абы хьэпшыпхэр, фэилъхьэгъуэхэр, фащэхэр зыми емыщхь, «Мадинэ и хъэтl» зыхэплъагъуэ зыщlыр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цlыхубэ сурэтыщl Жылэ Анатолэ гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэlуахым жиlам къыхигъэщащ фащэм улэжьыну зэрыгугъу дыдэр, ар абы «Кабардинкэ» къэфакlуэ гупым фащэщlэ щыхуагъэхьэзырым зэригъэунэхуар.

- Фащэм и зэхэлъыкlэр апхуэдизкlэ жыжьэ къыщожьэ, дэтхэнэ и зы lыхьэри къыгуэпх мыхъуу адрейм епхащи, мащlи куэда ухэlэбэну, плъыфэ къудейр пхъуэжыну дзыхьщlыгъуэджэщ. Ауэ нобэ слъагъу щыгъыныгъуэхэм къыбжаlэ щыlэр ебгъэфlэкlуэн зэрыхуейр, хуэсакъыпэу, мащlэ дыдэу Мадинэ ихъуэж гуэрым лэжьыгъэщlэ къызэригъэунэхур. Уеблэмэ, зыгуэрхэми сурэт тесхащ сэ езым си lэщlагъэкlэ къыщысхуэщхьэпэну, сфlэгъэщlэгъуэну, - жиlащ Анатолэ.

Сурэтыщl цlэрыlуэ Тхьэзэплъыж Руслан къыхигъэщащ адыгэ фащэр дуней псом дыкъызэрыщацlыхуа щыгъыныгъуэу зэрыщытыр, уэрамым укъридыхьэ хъуэуэ ар зэрыпхуэщlынум хуича зы лъэбакъуэу выставкэм щилъагъур къызэрыщыхъур. «Мадинэ сыдэуэршэрарэт, зыгуэркlэ сеупщlарэт, зы щlэщыгъуэ гуэр къызжиlарэт жыпlэу уигу къокlри, махуэ къэс жыхуаlэм хуэдэу ди пащхьэ кърихьэ lэдакъэщlэкlхэм апхуэдэ lэмал дыщамыгъэщlэну согугъэ», - жеlэ Руслан.

Гъэлъэгъуэныгъэм и курыхыр, и фlэщыгъэми къызэрыджиlэщи, lуданэращ - дыщэуи, дыжьынуи, къызэрыгуэкl lуданэ щхъуэкlэплъыкlэуи щрет, щыгъынхэр зэрыдарщ, ахэр къызыхэщlыкla щэкlхэр зэрызэlущарщ, зэрыхэдыкlарщ. Къытхуаlуатэ абыхэм хъыбар куэд, а хъыбархэм я нэхъ щэхур зыщlэ езы Мадинэ и lэкlэ, и гупсысэкlэ, и lэрыкl lуэху дахэкlэ...

ИСТЭПАН Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Псынэдахэщ дыщэр щызэIэпахынур

● Футбол

Зы джэгугъуэ закъуэщ къэнэжар Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и мыгъэрей гъэмахуэ зэхьэзэхуэр иухыным. Иджы гурыlуэгъуэщ абы и дыщэ медалхэр зыlэрыхьэнур тхьэмахуэ къакlуэ Псынэдахэ къуажэм зэрыщызэхэкlынур.

ИДЖЫРИ къэс чемпионыгъэм щlэбэнащ «Родник»-р, «Искра»-р, «Тэрчыр». Бэрэжьей кlуам Тэрч къалэм щызэхэта зэlущlэм абыхэм зы якlэригъэхуащ. Мыгъэрей зэхьэзэхуэм Псынэдахэ и командэр зэ закъуэ фlэкla къыхагъэщlатэкъым икlи ар зыхузэфlэкlар джылахъстэнейхэрат. Арщхьэкlэ хьэщlапlэ щыlэу япэ къекlуэкlыгъуэм яla ехъулlэныгъэм (1:0-у текlуат) «Тэрчым» зригъэужьыфакъым икlи бжыгъэшхуэкlэ, 1:4-уэ, и хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэм къыпикlуэтащ. Абы ипэжкlи «Искра»-р къызэрытекlуар къэплъытэмэ, иджы къылъысынур домбеякъ медалхэращ.

Дыщэмрэ дыжьынымрэ Псынэдахэ къуажэм щызэхуагуэшынущ. Абы щызэlущlэну «Родник»-мрэ «Искра»-мрэ зэхьэзэхуэм щынэхъыфlщ я хьэрхуэрэгъухэм худагъэкla топ бжыгъэмкlи зэрызахъумэж щlыкlэмкlи. Я зэпэщlэтыныгъэри гуащlэ зэрыхъунум шэч хэлъкъым. Сыти жыlи, аращ зэлъытауэ щытынур мыгъэрей зэхьэзэхуэм и саугъэт нэхъыщхьэр зыlэрыхьэнур хэтми. Алътуд икlхэр lэмал имыlэу текlуэн хуейщ япэ увыпlэр къахьын папщlэ, хэгъэрейхэр зы очко закъуэми ирикъунущ чемпионыгъэр яхъумэнымкlэ.

Я зэпэщlэтыныгъэм ипэ къиихуэу «Родник»-ми «Искра»-ми я очко бжыгъэм щырыщ хагъэхъуащ. Нартан щыщ я хьэрхуэрэгъухэр къызэрымыкlуам къыхэкlыу, алътуддэсхэм ар джэгупlэ губгъуэм имыхьэххэу къаlэрыхьамэ, Псынэдахэ и командэм ерыщу къыпэщlэтащ турнир таблицэм и иужь увыпlэм щыт «Урыхур».

«Тэрчми» икъукlэ гугъу зригъэхьын хуей хъуащ Налшык и «Спартак-Д»-р хигъэщlэн папщlэ. Зы топ закъуэщ ар зэрефlэкlар ди республикэм и футбол командэ нэхъыщхьэм и щlалэгъуалэ гупым.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр зэрыщаlыгъщ «Родник»-м щыщ Урысбий Ратмиррэ «Ислъэмейм» щыджэгу Тамаев Аланрэ. Абыхэм дэтхэнэми топ 22-рэ я хьэрхуэрэгъухэм худагъэкlащ икlи хэт нэхъыфlми щызэхэкlынур мы тхьэмахуэм и кlэухращ.

Щыгъуазэ фыхуэтщlынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэу зэхэта зэlущlэ псоми къарикlуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Черкес**» (Шэджэм) - «**Логоваз**» (Бабугент) - **3:5**, «**Искра**» (Алътуд) - «**Нартан**» (Нартан) - **3:0** (хьэщlэхэр зэрымыкlуам къыхэкlыу), «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - «**Бедик**» (Аргудан) - **5:1**, «**Родник**» (Псынэдахэ) - «**Урыху**» (Урыху) - **3:1**, «**Спартак-Д**» (Налшык) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **1:2**, «**Малка**» (Малкэ) - «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - **2:4**.

Дызыхуэкlуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ кlэух джэгугъуэр зэхэтынущ. А махуэхэм зэlущlэн хуейщ: *фокlадэм и 27-м* - «Нартан» - «Логоваз», «Урыху» - «Тэрч»; *фокlадэм и 28-м* - «Черкес» - «Малка», «Ислъэмей» - «Псыгуэнсу», «Родник» - «Искра, «Бедик» - «Спартак-Д» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекlуэкlыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Родник»	**21**	**20**	**0**	**1**	**104-18**	**60**
2. «Искра»	**21**	**19**	**1**	**1**	**93-14**	**58**
3. «Тэрч»	**21**	**18**	**0**	**3**	**80-17**	**54**
4. «Ислъэмей»	21	11	1	9	64-56	34
5. «Нартан»	21	9	4	8	67-66	31
6. «Спартак-Д»	21	7	4	10	50-57	25
7. «Псыгуэнсу»	21	7	2	12	39-68	23
8. «Бедик»	21	6	3	12	36-76	21
9. «Малка»	21	6	2	13	36-62	20
10. «Логоваз»	21	5	4	12	32-73	19
11. «Черкес»	21	3	3	15	36-88	12
12. «Урыху»	21	2	2	17	35-57	8

Шыгъэжэгъуэр зэхуащIыж

Налшык къалэм и ипподромым щэбэт кlуам мыгъэрей шыгъэжэгъуэр щызэхуащlыжащ. Иужь дыдэу ирагъэкlуэкla зэхьэзэхуэхэм къыщызэдагъэжащ инджылыз, хьэрып, ахалтекинскэ шы лъэпкъыфlхэр икlи псори зэхэту къежэкlыгъуэу 8-м абыхэм зэдагъэджэгуащ ахъшэ саугъэту сом мин 610-рэ. Илъэситl зи ныбжь шыщlэхэмрэ нэхъыжьыlуэхэмкlэ шуейхэм зэпачащ метр 1400-2400-рэ зи кlыхьагъ гъуэгуанэхэр.

АДЫГЭХЭМ я махуэм и щlыхькlэ ягъэува саугъэтыр къихьащ Щоджэн lэдэм, «Джей Краун» шымкlэ. Абы щхьэкlэ шууейуэ 8 зэпеуащ, ди къэралым къыщагъэхъуа шыхэмкlэ икlи метр 1400-рэ хъу гъуэгуанэр къызэранэкlащ.

«Росипподром»-м Кавказ Ищхъэрэмрэ Урысей Ипщэмрэ щиlэ шыгъэжапlэхэм я унафэщl Сэкрэк Заур шыгъэжэгъуэ илъэс блэкlам арэзы къызэрищlар къыхигъэщащ. «Гъэр фlы дыдэу екlуэкlащ, я зэфlэкlхэр ягъэлъэгъуэн мурадкlэ ди деж къакlуэхэм къахэхъуэ зэпытщ. Ар ди ехъулlэныгъэу къэтлъытэ хъунущ. Ауэ псом нэхърэ нэхъыщхьэу щытар шы лъэпкъыфlхэр гъэхъуным елэжьу щlыналъэ псоми щыlэхэр ди деж къетшэлlэныр арати, ари къыдэхъулlащ. Догугъэ шыгъэжэгъуэ махуэхэр етlанэгъэ нэхъыбэ тхуэщlыну, шыхэм я бжыгъэми къыхэдгъэхъуэну», - жиlащ абы.

Апхуэдэуи а махуэм ягъэджэгуащ «Прощальнэ» саугъэтыр. Мыбдежым, метр 2400-рэ хъу гъуэгуанэм къыщызэдагъэжащ илъэсиплlым щlигъу шы лъэпкъыфlхэр. Ар

къихьащ Пэнжокъуэ Рустам «Мушаграф» шымкlэ.

«Закрытие» саугъэтым хэтащ илъэсищ зи ныбжь инджылыз шы лъэпкъыфlхэр. Псом япэу къэсар «Тэличер Бой» шырщ. Хьэрып шыхэм я зэпеуэм «Сабур» шыр щытекlуащ. Ахэлтекинскэ шыхэмкlи шуейхэр щхьэхуэу зэхьэзэхуащ. Абыхэм нэмыщl, нэгъуэщl зэпеуэхэри ирагъэкlуэкlащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщl-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщl-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ**, **Къумахуэ Аслъэн**, **Нэщlэпыджэ Замирэ**, **Чэрим Мариannэ**, **Щхьэщэмыщl Изэ**.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщl-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ lуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 40-15-31; хъыбарыщlэхэмрэ спортымкlэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ lэнатlэхэм ядэлэжьэнымкlэ - 42-60-53; зэдзэкlаклуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер lэнатlэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ lуэхущlапlэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щlэту.

Къыдэзыгъэкlхэмрэ редакцэмрэ я хэщlапlэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.295
Заказыр №2066
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаlэта lуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я lуэху еплъыкlэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр lэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкl Соня**, *корректорхэу* **Пхытlыкl Марие** *(1, 4-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*.
Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящlащ **Дол Маринэ**, **Мэлбахъуэ Анжелэ**.
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ**.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым lэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокl.